# Адыгэ макъ

№ 160 (19674)

2010-рэ илъэс

ШЭМБЭТ

ШЫШЪХЬЭIУМ и 14

ОСЭ ГЪЭНЭФАГЪЭ ИIЭП

**Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэмрэ и Правительствэрэ ягъэзет**


## Непэ — физкультурникым и Маф

**Адыгэ Республикэм щыпсэухэу лъытэнцыгъэ зыфэтшIыхэрэр!**

Хабзэ зэрэхъугъэу, физкультурникым и Мафэу шышъхьэIум хагъэунэфыкIырэр зищыIэныгъэ пытэу спортым езыпхыгъэ пстэуми ямэфэкIэу щыт.

Тилъэхъан физкультурэмрэ спортымрэ хэхъоныгъэу ашIырэм къегъэлъагъо къэралыгъом иэкономикэ, иполитикэ Iофхэр зэрэзэпыфэхэрэр.

Урысыем спортымкIэ щытхъур ащ ирегион пстэуми къыфахьы, Адыгэ Республикэми ащ иIахьышIу хешIыхьэ.

Тиспортсмен цIэрыIохэм ягъэхъагъэхэм лъэшэу тарэгушхо. Сергей Алифиренкэм, Хьасаныкъо Мурат, Кобл Якъубэ, Хьэпэе Арамбый, Лъэцэр Хьазрэт, Емыж Арамбый, Владимир Невзоровым, Чыржьын Мухьарбый, Валерий Пономаренкэм ыкIи тинэмыкI спортсменхэм тихэгъэгу щытхъушхо къыфахьыгъ. Мы ужырэ илъэс 20-м къыкIоцI тиспортсменхэм текIоныгъэ инхэр ашIыгъэх, дунаим, Европэм ячемпион хъугъэх, щытхъуцIи 100-м ехъу ахэм къафаусыгъ.

Спорт лъэпкъ 40-м ехъумэ Адыгеим щапылъых, физкультурэмрэ спортымрэ хэхъоныгъэ ягъэшIыгъэным тегъэпсыхьэгъэ республикэ программитIу щагъэцакIэ. ПсэупIэхэм анахьыбэхэм тренировкэхэр зыщызэхащэрэ футбол ешIапIэхэр, спортзалыкIэхэр ащагъэпсыгъэх. Бассеин зыхэтыщт комплекссым ишIын Мыекъуапэ щырагъэжьагъ. Ащ ишIуагъэкIэ къыткIэхъухьэрэ ныбжьыкIэхэр, ныбжь зэфэшъхьаф зиIэхэр, зипсауныгъэ пыч фэхъугъэхэр спортым нахь пыщагъэ хъущтых.

Физкультурэмрэ спортымрэ хэхъоныгъэ ягъэшIыгъэным иамалхэр зэрихьэхэзэ, IэпэIэсэныгъэшхо зыхэлъ спортсменхэр къыгъэхьазырхэзэ, тапэкIи Адыгеим спортинфраструктурэм зыригъэушъомбгъунэу мурад иI.

Тиспортсмен, тренер, физическэ культурэм икIэлэегъэджэ шIагъохэм, спортыр шIу зылъэгъурэ пстэуми псауныгъэ пытэ яIэнэу, гухэлъэу ашIыгъэхэр къадэхъуным ренэу фэкIонхэу, Адыгэ Республикэми, ти Хэгъэгоу Урысые Федерациеми апае текIоныгъакIэхэр ашIынэу тафэлъаIо!

*Адыгэ Республикэм и Президентэу*
***ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан***
*Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Тхьаматэу Анатолий **ИВАНОВ***



## Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм

Илъэсыбэ хъугъэу гуетыныгъэ фыриIэу Iоф зэришIэрэм, Адыгэ Республикэм и Парламент хэбзэихъухьан IофшIэнымкIэ ищыкIагъэхэр IэкIэгъэхьэгъэнхэм чанэу зэрэхэлажьэрэм апае Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Щытхъу тхылъ фагъэшъошагъ **Шъоджэ Тэмар Рэмэзанэ ыпхъум,** Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Аппарат и Правовой гъэIорышIапIэ иведущэ консультант.

# Проектым изы Iахь аухыгъ



Федеральнэ программэу «Урысыем и Къыбл» зыфиIорэм къыдыхэлъытагъэу Мыекъопэ районымрэ Мыекъуапэрэ ащыпсэухэрэм псы къабзэу агъэфедэщтыр зэрыкIощт магистралым ишIын рагъэжьагъ. ПстэумкIи ащ сомэ миллион 730-рэ тефэщт. Ащ щыщэу сомэ миллиони 160-р апэIуагъэхьагъ Мыекъопэ районым ипсэупIэхэм псыр афэзыугъоищт псэуалъэу (водозаборэу) поселкэу Каменномостскэм дэжь щагъэуцугъэмрэ псым икъэкIуапIэу километрэ 20 хъурэ магистралэу ашIыгъэмрэ. Псыхъоу Шъхьэгуащэ джырэблагъэ тыралъхьэгъэ вантовэ лъэмыджым псыкъэкIуапIэр къызэпыращыгъ.

Проектышхом изы пычыгъо аухыгъ, тыгъуасэ торжественнэу Мыекъопэ районым ипсэупIэхэм псыр афатIупщыгъ. Ащ фэгъэхьыгъ мэфэкI зэхахьэм хэлэжьагъэх АР-м и Президентэу ТхьакIущынэ Аслъан, Премьер-министрэу КъумпIыл Мурат, министрэхэм я Кабинет хэтхэр.

Псыр зыфатIупщыхэрэм республикэм ипащэ пстэумэ апэу къафэгушIуагъ. Бэрэ зэжэгъэхэ псыкъэкIуапIэр зэрашIыгъэр гъэхъэгъэ инэу зэрэщытыр ащ къыIуагъ.

— Арэу щытми, тшIагъэр тшIуабэу ащ тыкъыщыуцун гухэлъ тиIэп, тапэкIи мыщ фэдэ объектхэм яшIын зэрэлъыдгъэкIотэщтым тыпылъыщт, — къыIуагъ Президентым. — Псыр унагъохэм япщэлIэн фаешъ, охътабэ темышIэу район администрацием ащ ыуж ихьанэу тыщэгугъы, тэри тлъэкIырэмкIэ такъыдеIэщт.

Поселкэу Каменномостскэм гъэстыныпхъэ шхъуантIэри мы мафэхэм ращалIэ. Километрэ 36-рэ акъудыигъах, сомэ миллион 290-рэ ащ пэIуагъэхьагъ, объектыр атынкIэ къэнагъэр макIэ. Ащ псыр зэрэращэлIагъэм республикэм итурист комплекскIэ мэхьэнэ ин зэриIэр, инфраструктурэу агъэпсырэм изы Iахьэу зэрэщытыр Президентым къыхигъэщыгъ.

Нэужым ТхьакIущынэ Аслъан гъэпытапIэр къыIуихи псыр ытIупщыгъ. ТапэкIэ псыр псэупIэхэм ащызэбгырацыным пае «Кузнецова поляна» ыкIи «Космическая поляна» зыфиIохэрэм насос станциехэр ащагъэуцунхэ фае.

***ХЪУТ Нэфсэт.***

*Сурэтыр А.Гусевым къытырихыгъ.*

# Сэфэр зэхэщэкIо дэгъу

ЦIэгъошIу Сэфэр насып иI, зи пэрыохъу къыфэмыхъоу, зыми сэнэхьат къыфыхимыхэу, ежь-ежьырэу ар зэригъэгъотыгъ. ЫгукIэ зыкIэхьопсырэ сэнэхьатыр къыхихыгъэшъ, ащ кIэгушIу, ыгу щизэу рэлажьэ. Спортыр Сэфэр ищыIэныгъэ щыщ хъугъэ. Сыд къин зелъэгъуми, сыд пэрыохъу къызыфэхъуми, къызэкIэкIуагъэп, лъагъоу зытетым дэхыгъэп. Къинхэм зэратекIорэм кIуачIэ къырытыщтыгъ, ыгу къыдищаещтыгъ.

Спортым ылъэныкъокIэ гъэхъэгъэшIухэр ышIыным фэзыщагъэу, зишIогъэшхо къекIыгъэр Сэфэр ыушъэфырэп, игуапэу ыцIэ къыреIо: ышнахьыжъэу Нурбый. Илъэс 21-рэ ыныбжьэу Сэфэр СССР-м спортымкIэ имастер хъугъэ, бэ темышIэу тренерэу Iоф ышIэу фежьагъ.

Поселкэшхоу Инэм дэт кIэлэцIыкIу-ныбжьыкIэ спорт еджапIэм идиректорэу тIэкIу шIагъэ зылажьэрэр, бэ мыщ спортыр зикIасэу къекIуалIэрэр. Илъэс 30-м къыкIоцI спорт гъэсакIом спортымкIэ мастери 8, мастер хъунхэмкIэ кандидатэу 20-м къехъу ыгъэхьазырыгъэх. Ар гъэхъэгъэ макIэу щытэп.

Сэфэр ипIурхэм ащыщ спортсменхэр тихэгъэгу имызакъоу дунаим щызэлъашIэх. ЛIый Азамат, ХьокIо Руслъан, Жъажъый Руслъан, ЦIэгъошIу Адам, нэмыкIхэр Урысыем, Европэм, дунэе зэнэкъокъухэм чанэу ахэлэжьагъэх, хагъэунэфыкIырэ чIыпIэхэр къащахьыгъэх.

Республикэ спартакиадэхэм илъэс заулэрэ апэрэ чIыпIэр районым зэрэщаIыгъыгъэм Сэфэр иIахьышIу хэлъ. Лъытэныгъэшхо фашIы цIыфхэм Сэфэр, ыцIэ дахэкIэ къыраIо, район депутатэу хадзыгъ. НыбжьыкIэхэм псауныгъэ пытэ яIэу, щыIэныгъэм кIэгушIухэу, спортым гъэхъэгъэшIухэр щашIыхэу, Адыгеим ищытхъу зырагъэIэтэу псэунхэмкIэ Iофыбэ зэшIуехы. ЦIэгъошIу Сэфэр мыгъэ илъэс 50 хъугъэ. ЦIыф шIагъом шIоу щыIэр къыдэхъунэу фэтэIо.

***ХЪУЩТ Щэбан.***

# Титарихъ агъэбаи

**_Археологым и Мафэ шышъхьэIум и 15-м илъэс къэс Урысыем игъэкIотыгъэу щыхагъэунэфыкIы. Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ музей идиректорэу Джыгунэ Фатимэрэ археолог цIэрыIоу Тэу Аслъанрэ къызэрэтаIуагъэу, тарихъымрэ археологиемрэ яотделхэу музеим щызэхащагъэхэм уащытхъунэу IофшIагъэ яI._**

Тарихъ мэхьанэ зиIэ пкъыгъо минипшI заулэ музеим ыугъоигъ. Ахэр хэушъхьафыкIыгъэ чIыпIэхэм ащызэрагъэфагъэх. Экспедициехэм къагъотыгъэхэр агъэлъапIэх. Мыжъо лIэшIэгъур, Мыекъопэ культурэр, протомеот ыкIи мыутIэ культурэхэр, лIэшIэгъу гурытхэр, нэмыкIхэри археологхэм яIофшIагъэ хэолъагъох.

ЗэлъашIэрэ археологхэу ТIэшъу Мэдинэ, Аулъэ Пщымафэ, ЛэупэкIэ Нурбый, Тэу Аслъан яIофшIагъэхэм уасэ афашIы. Музеим тарихъ пкъыгъоу чIэлъхэм язэгъэфэн чанэу хэлэжьагъэх Елена Черных, Пщыпый Фатимэ, Псэпытэ Назрэт, Къоц Асыет, Тэу Аслъан, Адыгэ къэралыгъо университетым тарихъымкIэ ифакультет истудентхэр, нэмыкIхэри.

Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ музей мыгъэ илъэс 85-рэ мэхъу. А хъугъэ-шIагъэм IофшIэгъэ дэгъухэр пэзыгъохырэмэ тарихъымрэ археологиемрэ яотделхэр ащыщых. Музеим итарихъ къэзыIотэрэ къэгъэлъэгъонхэр гъэшIэгъонэу агъэпсых. Адыгеим археологхэр имакIэхэми, IофшIагъэу яIэм уегъэгушхо. Экспедициехэм къагъотыгъэ пкъыгъохэм дунэе мэхьанэ араты. Адыгэ лъэпкъым гъогоу къыкIугъэр археологхэм IупкIэу къытлъагъэIэсыжьы.

2014-рэ илъэсым Олимпиадэ джэгунхэу Шъачэ щыкIощтхэм АР-р зэрахэлэжьэщт шIыкIэм Лъэпкъ музеим иIофышIэхэр егупшысэх. Шъачэ адыгэмэ ятарихъ чIыгоу зэрэщытыр дунаим щязыгъашIэрэмэ археологхэр, тарихъым пылъ шIэныгъэлэжьхэр ахэтэлъытэх.

Тигъэзетеджэмэ ацIэкIэ археологхэм я Мафэ пае тафэгушIо, шIоу щыIэр къадэхъунэу афэтэIо.

***САХЬИДЭКЪО Нурбый.***

Сурэтым итхэр: **Джыгунэ Фатимэрэ Тэу Аслъанрэ.**

АРХЕОЛОГЫМ И МАФЭ ИПЭГЪОКI



# АтекIуагъэхэр къэлъэгъуагъэх

Тигъэзет къызэрэхиутыгъэу, мы мазэм икъыхьагъум Мыекъуапэ республикэм икIэлэпIухэу районхэм ащытекIуагъэхэр щызэнэкъокъугъэх.

Республикэ зэнэкъокъум къыдилъытэрэ уцугъохэм ауж мы мафэхэм анахь дэгъухэр къэлъэгъуагъэх. Ахэр Мыекъуапэ икIэлэцIыкIу IыгъыпIэу N 15-м икIэлэпIоу Татьяна Махоткинар, Адыгэкъалэ дэт кIэлэцIыкIу IыгъыпIэу N 4-м имузыкальнэ пащэу БатIыжъ Зой ыкIи Джэджэ районымкIэ поселкэу Гончаркэм дэт кIэлэцIыкIу IыгъыпIэу N 8-м икIэлэпIоу Наталья Никитинар арых.

Ахэм ащыщэу анахь баллыбэ къэзыхьыгъэр Махоткинар ары. Ащ занятиеу зэхищагъэр комиссием хэтхэм лъэшэу агу рихьыгъ.

БаллхэмкIэ ащ къыкIэлъыкIуагъ БатIыжъ Зое. Адрэ тхыгъэхэм къызэращытIуагъэу зэнэкъокъум кIэлэпIухэм ягъусэхэу сабыйхэм музыкэр языгъэшIэрэ нэбгыритIуи ахэтыгъ. А нэбгыритIум язырыр Зой ары. Комиссием хэтхэм къызэраIуагъэмкIэ, ащ кIэлэцIыкIухэм гъэшIэгъон дэдэу ыкIи гуфэбэныгъэшхо хэлъэу Iоф адишIагъ.

Ящэнэрэр Никитинар ары, ар зы баллрэ ныкъорэкIэ БатIыжъым ыуж къинагъ.

Нэбгырищэу республикэ зэнэкъокъум щытекIуагъэхэм сомэ мин 50 зырыз афагъэшъошагъ.

***СИХЪУ Гощнагъу.***

Сурэтхэм арытхэр: **Татьяна Махоткинар, БатIыжъ Зой, Наталья Никитинар**







## Нэбгырэ 300-м ехъу джыри хэт

Адыгэ Республикэм IофшIэнымкIэ ыкIи социальнэ хэхъоныгъэмкIэ и Министерствэ мы лъэхъаным Iофыгъо шъхьаIэу зыдэлажьэхэрэм ащыщ Хэгъэгу зэошхом иветеранхэу псэупIэ зимыIэхэм е яIэр нахьышIу зыфэшIыгъэнхэ фаеу законым къыдилъытэхэрэм ахэр ягъэгъотыгъэнхэр.

Министерствэм ипресс-къулыкъу къызэритырэмкIэ, 2005-рэ илъэсым гъэтхапэм и 1-м ыуж чэзыум нэбгырэ 301-рэ хэуцуагъ, ахэм ащыщэу ветеран 88-мэ псэупIэ зэрагъэгъотыным е яIэр нахьышIукIэ зэблахъуным иамал аратыгъ. Ахэм федеральнэ ахъщэу сомэ миллион 62-рэ мин 726-р апэIухьагъ.

Мы Iофыгъом фэгъэхьыгъэ унашъор республикэм зэрэщагъэцакIэрэм фэгъэхьыгъэу нахь игъэкIотыгъэу тигъэзет къыхиутыщт.

***ЖАКIЭМЫКЪО Аминэт.***

# Лъэшэу сыгу къео

Игъонэмысэу цIыф шIагъом идунай зихъожьыкIэ, лъэшэу гукъао мэхъу. ЕтIани цIыфыр уинэIосэ благъэщтыгъэу, дэгъу дэдэу пшIэщтыгъэ зыхъукIэ, гукъаом нахь хэхъо.

Ащ фэдэу гукъэошхо сщыхъугъ дэгъоу сшIэщтыгъэу, сиблагъэ хъугъэу Тыгъужъ Руслъанэ ыгъэшIэгъэшхуи щымыIэу мэкъуогъум и 20-м идунай зэрихъожьыгъэр. Руслъан сиблагъэ хъуным ыпэкIэ Iоф дэсшIагъ. Сэ комсомолым икомитет сырисекретарэу колхозэу Кировым ыцIэкIэ щытым Iоф щысшIэзэ, 1973-рэ илъэсым еджапIэм кIэлэегъаджэу Iутыгъэ Руслъан къычIащи, колхозым ипартком секретарь фашIыгъагъ. 1973-рэ илъэсым ишышъхьэIу мазэ къыщегъэжьагъэу 1975-рэ илъэсым Iоныгъом нэс Руслъанрэ сэрырэ Iоф зэдатшIэу хъугъэ. Ащ къыщегъэжьагъэу тыдэ сыщыIукIагъэми, еджапIэм зегъэзэжьыми симыгъэгъуащэу, зыкъысIуигъакIэу щытыгъ. 1998-рэ илъэсым сипшъашъэу Альбинэ нысэкIэ фащэшъ нахь зэпэблэгъэ шъыпкъэ тэхъу. Ащ къыщыублагъэу нахь тызэхахьэу, тызэлъыкIоу тыщытыгъ.

Руслъан цIыфыгъэшхорэ шъхьэкIэфэныгъэшхорэ зыхэлъ цIыфыгъ. Илъэс пчъагъэм дэгъоу къызгурыIуагъ цIыф къызэрыкIоу, гуфэбэныгъэ хэлъэу, зэхэдз ымышIэу ар зэрэщытыгъэр. А пстэумэ яшIуагъэкIэ шIу дэдэ зысигъэлъэгъугъагъ, ежьыми лъытэныгъэ дахэ къысфыриIагъ. Мырэущтэу Руслъан къысиIогъагъ: лIы фэдэр бэдэд, лIы закIэр зырыз, ахэм, Андзаур, о зыкIэ уащыщ». Мы гущыIэхэр сэ щытхъугъэкIэ зыфэслъэгъужьырэп, ау къысиIогъагъэр зытетыгъэ шъыпкъэр къэсэтхы.

НыбджэгъушIу къысфэхъугъэ Руслъан колхозым зыщэIи, Аскъэлэе еджапIэм Iоф зыщешIи иIофшIагъэ дэгъоу сыщыгъозагъ, гъэхъагъэу иIэхэм афэшI СССР-м просвещениемкIэ и Министерствэ къыщыублагъэу, хэкуоном, районом къанэсыжьэу наградэхэр къызэрэратыгъэхэми, щытхъуцIэхэр къызэрэфагъэшъошагъэми лъэшэу сагъэгушIогъагъ. ГеографиемкIэ район методкабинетым итхьамэтагъ. Ар бэмэ шIу алъэгъущтыгъ, ныбджэгъубэ иIагъ. ШIу дэдэ зыкIалъэгъущтыгъэр, шъхьэкIэфэшхо зыкIыфашIыщтыгъэр шэн-гъэпсыкIэ дахэ зэрэхэлъыгъэр, ныбджэгъухэмкIэ хьалэлэу зэрэщытыгъэр, гуфэбэныгъэ цIыфмэ зэрафыриIагъэр ары.

Къин ащ фэдэ цIыф ыкIи ныбджэгъу блэгъэ шIагъор чIэунэныр. Ар гухэкIышхо сщыхъоу Руслъан ишъхьэгъусэ Сари, иунагъуи, иIахьылхэми сафэтхьаусыхэ. Алахьэм джэнэтыр кIуапIэ зыфишIыщтхэм ащыщ ышIынэу селъэIу.

***ОДЭЖЬДЭКЪО Андзаур.***

Аскъэлай.

РЕДАКЦИЕМ КЪАТХЫРЭ ПИСЬМЭХЭР

# Никъылъфыгъэм имашIу

Сэ зыпарэкIи гъэзетым сыкъэтхагъэп, ау «Адыгэ макъэр» къисэтхыкIы, седжэ. Зы нэкIубгъуи къэзгъанэрэп, къэсыфэ сшIуабэ дэшIэ. О убзэ фэдэ хъуни щыI Iоу сшIэрэп.

Непэ сыкъызтегущыIэ сшIоигъор сянэ къылъфыгъэу Хьарун ары. Ар джыдэдэм къытхэтыжьэп, зыщымыIэжьыр жъоныгъуакIэм и 24-м илъэсищ хъугъэ, непэм фэдэу къысшIошIы.

Джы ащ сыфемыжьэзэ, ЖакIэмыкъо унагъоу сыкъызэрыхъухьагъэм тIэкIу къесIуалIэ сшIоигъу. Пэнэжьыкъуае апэрэ коренноимэ ащыщэу сятэжъ ЖакIэмыкъо Исхьакъ дэсыгъ. Революцие лъэхъаным лажьэ зимыIэу агъэпщынагъэмэ ащыщ. Зыфэпщынагъэр ежь ыIэшъхьитIукIэ ылэжьыгъэ мылъкур ары. Сятэжъ чаныгъ, лэжьэкIуагъ, унэ дэгъуи иIагъ, былымхэри иIагъэх. Джащ фэдиз былымыр ыкъуиплIырэ ежьырырэ аIыгъыгъ. УнэIути, гъэчыракIуи яIагъэп, зыми мыхъункIэ дэзекIуагъэп. Революцие ужым лишон шIыныр къызежьэм къатебанэхи яIэр зэкIэ атырахи, къинэу алъэгъугъэр къэIогъуай. А лъэхъаным «лишон» ашIыгъэр зэпщэлIэныр хэгъэкIи, уеплъыни, удэгущыIэни уфитыгъэп.

Джарэу зэрэщытызи цIыф дэгъухэр чылэм къыдэкIыгъэх. Гъонэжьыкъо Исхьакъ зэрищалIэхи, ичэтэщ къарити, джар къаукъэбзи ихьажьыгъэх. Ащыгъум зэрэхъущтыгъэхэр нэбгырибл: сятэжъ, сянэжъ, сят, сян, якIэлэцIыкIуищ. Исхьакъ ыкъомэ анахьыжъ Ибрахьимэм къыкIэлъыкIощтыгъэр сэ сятэу Хьисэр ары. Адрэхэр Юсыф, Индрыс, ахэм зы шыпхъу закъо яIагъ.

Аущтэу уахътэр кIуагъэ. Сятэ зы лIы гъэсэгъэ дэгъугорэ къыдеIи, тхылъ дэгъухэри фигъэпси, сотых заулэ дэлъэу хапIэ къаратыгъ. Чэщырэ пхъэ зырыз чэмым къыфыпашIэмэ къалъэшъузэ, сянэрэ сятэрэ ерагъэу унэ цIыкIу рашIыхьагъ. Сянэ бзылъфыгъэ кIочIэшхо зэмыблэжьэу, сятэ пкъэушхоу кIэтыгъ. Джа тхьамыкIэгъо купым къыхэкIэу Хьисэр пхъэшIэ Iазэ хъугъагъэ. Илъэсхэр кIуагъэх, ятIонэрэ заор къежьи, ари аухыгъ, ащ ыуж 1948-рэ илъэсым сшынахьыкIэу сыкъызтегущыIэ сшIоигъор къэхъугъ. Шъэожъыем зыкъызеIэтым сятэ къыздырищэкIымэ зыдыригъаIэзэ, ежь нахьи нахь Iэзэжьэу, пхъэм хэшIыкIышхо фыриIэу хъугъэ. Дзэ къулыкъум ащи подводникэу илъэсищэ къэтыгъ. КъызэкIожьым шофер курсыр къыухи, тIэкIурэ Iоф ышIагъ. Ары шъхьаем ежь пхъэшIэн Iофыр нахь къыштагъ, щэIэфи Iоф ришIагъ. Курсыр къызеух ужым чылэм щыщэу Хъутмэ япхъоу Эммэ къыщагъ ыкIи унэгъо дахэ ашIагъ. Хьарунэрэ Эммэрэ зэдагъотыгъэу пшъэшъитф яI. ЗэкIэри еджагъэх, унагъо яI. Рим, Сусан, Рит, Саид аIоу чылэм дэсых. АнахьыкIэ цIыкIоу Саидэ Хьалъэкъуае щэпсэу. Тхьэм бэгъашIэ ешIых. Ятэ бэрэ яIэнэу хъугъэп, уз мэхьаджэу къеузыгъэм IэкIэкIыгъэп. Сянэ къылъфыгъабэ чIэсынагъ, къэнагъэхэри Тхьэм ихьакIэх. Ау Хьарунэ ихыягъэрэ игукIэгъурэ пщыгъупшэнэу щытэп. Чылэм зы пхъэ закъуи щагъэIагъэп ахэмытэу пIоми ухэукъощтэп. Янэ къылъфыгъэмэ ренэу ыIэ акIэдзэгъагъ. Ау сыдым тыфит никъылъфыгъэ гукIэгъу хьалэл хыер, Тхьэм иети ыхьыжьыгъ.

***IЭШЪЫНЭ Долэтхъан.***

къ. Гъобэкъуай.

Ансамблэу «Кабардинкэм» иIофышIэхэм лъэшэу гухэкI ащыхъугъ Адыгэ Республикэм изаслуженнэ артистэу, медалэу «Адыгеим и Щытхъузехь» зыфиIорэр зыфагъэшъошагъэу, Адыгеим ипрофессиональнэ хореографическэ искусствэ лъапсэ фэзышIыгъэхэм зэу ащыщэу Бэшкэкъо Масхьуд Махьмудэ ыкъом идунай зэрихъожьыгъэр.

# ШIуагъэу ахэлъыр мымакIэми, щыкIагъэхэри яIэх



КIэлэцIыкIухэм языгъэпсэфыгъо уахътэ изэхэщэн мыгъэ зэхъокIыныгъэхэр фэхъугъэх. НахьыпэкIэ федеральнэ ахъщэ къызэратIупщыщтыгъэм фэмыдэу мыгъэ пшъэрылъхэр зэрэщытэу субъектхэм афагъэзэжьыгъэх, «Росгосстрахыр» мы Iофым къыхэлажьэрэп, путевкэхэм ящэфын ны-тыхэм яахъщэ халъхьэ. Арэу щытми, зигъот макIэхэм, унэгъо Iужъухэм къарыкIыгъэ сабыйхэм путевкэхэр ыпкIэ хэмылъэу къызэраратыщтыгъэр къэнэжьыгъ. Адыгеим ис кIэлэцIыкIухэм языгъэпсэфыгъо уахътэ изэхэщэн IофшIэнымкIэ ыкIи социальнэ хэхъоныгъэхэмкIэ Министерствэр фэгъэзагъ. Мыгъэрэ зыгъэпсэфыгъом изэхэщэн пэIуагъэхьащт бюджет ахъщэр нахьыбэ ашIыгъ. ПстэумкIи нэбгырэ мин 25-м ехъумэ загъэпсэфыным пае сомэ миллиони 111-м ехъу агъэнэфагъ.

Республикэм имызакъоу Ставропольскэ ыкIи Краснодар крайхэм яIэзэпIэ-зыгъэпсэфыпIэхэм тикIэлэцIыкIухэм яуахътэ ащагъакIо. Тигъэзет къызэрэхиутыгъагъэу, гъэпсэфыгъо уахътэр къызехьэм Мыекъопэ районым къыщызэIуахыгъэ лагерьхэм тащыIагъ.

**Мыекъуапэ анахь пэчыжьэу ХъымыщкIэй дэт «Зубренкэм» апэу къыщедгъэжьагъ.** Мыщ а уахътэм зыщызыгъэпсэфыщтыгъэр адрэхэм ащыIагъэм анахь макI, нэбгырэ 89-рэ ныIэп. Пчэдыжьышхэ ужэу кIэлэцIыкIухэр щагум дэтхэу тыIухьагъ. Тигуапэу къыхэдгъэщыгъэр милиционерым тызыщыщыр зэримыгъашIэу тызэрэдимыгъэхьагъэр ары. Милицием иIофышIэ нэмыкIэуи къэрэгъулхэр чэщи мафи Iутых. Лагерым ипащэу Людмила Озеровам къызэрэтиIуагъэмкIэ, къыIухьагъэм гухэлъэу иIэм ежь ышъхьэкIэ зыщимыгъэгъуазэу къыдамыгъэхьанэу унашъо афишIыгъ. Ащ фэдэу пхъашэу щынэгъончъагъэм зэрэлъыплъэхэрэр шIуагъэу къыхэбгъэщыщтхэм зэу ащыщ.

КIэлэцIыкIухэм яуахътэ зэрафызэхащэрэм къытегущыIэзэ псыхъом зэрамыщэхэрэр къыIуагъ. НэмыкI лагерэу тызэщыIагъэхэм япащэхэми ар къыхагъэщыгъ. Анахь куоу зыхагъахьэхэрэр лъашъхьэм къэсы. Псым икуугъэ, ычIэгъ зыфэдэр зыщымыгъэунэфыгъэ чIыпIэхэр псыхьохэм зэряIэхэр, кIэлэцIыкIухэм зэкIэми зэфэдэу есыкIэ зэрамышIэрэр, нэбгырипшI пчагъэм алъыплъэгъуае зэрэхъущтыр, нэмыкIыбэхэр къыдальытэхи ар рахъухьагъ. Амалэу яIэмкIэ нэмыкI шIыкIэхэр къызфагъэфедэхэзэ зарагъэгъэпсэфы. «Зубренкэм» ар дэеу зэрэщамыгъэцакIэрэм ишыхьат ятIонэрэу е ящэнэрэу мыщ «къэзыгъэзэжьыхэрэр» кIэлэцIыкIоу гущыIэгъу тызыфэхъугъэхэм мымакIэу зэрахэтыр.

Ащ имызакъоу лагерыр чIыпIэ рэхьат, чIыпIэ дахэ щыт, чъыгхэр зэрэщыбэхэм ишIуагъэкIэ жьыр къабзэ, кIэлэцIыкIухэм тыгъэр къямыгуаоу яуахътэ агъакIо, спорт псэуалъэхэри щагум дэтлъэгъуагъэх. Куоу ухэлъыхьухьэмэ щыкIэгъэнчъэу зэрэщымытхэр къэлъэгъон, ау анахь шъхьаIэу кIэлэцIыкIухэм афызэхащэн фаехэр агъэцакIэх, щынэгъончъагъэм анаIэ тырагъэты, мафэ 18-у щагъакIорэр гъэшIэгъонэу зэрафашIыщтым, санитарнэ шапхэр зэрагъэцэкIэщтым апылъых.

**Нэужым тызыдэкIогъэ лагерэу «Лань» зыфиIорэр туристическэ комплексым къыщызэIуахыгъ, ыщIи къагъэнэжьыгъ.** Мыгъэ мыщ апэрэу Адыгеим щыпсэурэ кIэлэцIыкIухэм зыщагъэпсэфы, нахьыпэкIэ Краснодар краим къикIыгъэхэр ары щыIэщтыгъэхэр. Шъыпкъэу пIощтмэ, мыр нахь зэтегъэпсыхьагъ, псэукIэ амалэу кIэлэцIыкIухэм аратыхэрэмкIи, яуахътэ зэрафызэхахщэрэмкIи атекIых. Нэбгырэ 310-мэ а уахътэм мыщ зыщагъэпсэфыщтыгъ.

Лагерым ипащэу Татьяна Нихотинам къызэриIуагъэмкIэ, экскурсиехэм нахьыбэу уахътэ атырагъэкIуадэ, Мыекъопэ районым ичIыпIэ дахэхэм ащыщ мыкIохэу мафэ къыхэкIырэп. КъыIуагъэм ишыхьатэу тэ тызыщыIухьагъэм автобусышхохэмкIэ купищ къыIущэжьыгъ. Унэхэу кIэлэцIыкIухэр зыщыпсэухэрэр къабзэу зэIыхыгъэх, ящыкIэгъэ псэольэ пстэури арыт. Программэ гъэнэфагъэкIэ, «Родное отечество» ащ зэрэджагъэхэр, кIэлэцIыкIухэм Iоф зэрадашIэрэр, патриотизмагъэр нахьыбэу ахалъхьаным, культурэм, лъэпкъ хабзэхэм афагъэсэнхэм ар зэрафэгъэпсыгъэр лагерым ипащэ къыIуагъ. Медицинэм иIофышIэр зыхэт рабочэ купэу СПИД-м, наркоманием афэгъэхьыгъэ зэдэгущыIэгъухэр адэзышIынхэу къэкIуагъэхэм «ащ фэдэ лекциехэм къафеджэнхэр» зэрафимыдагъэри ыушъэфыгъэп, «ар кIэлэ гъэсакIэ мыхъущтэу» ылъытагъ.



А зэпстэур лагерым шIуагъэу хэлъэу плъытэн плъэкIыщт, ау щыкIэгъаби унэ къыкIедзэ. **Лагерь дэхьэгъум щыт тучанэу «Пиво, сигареты...» зытетхагъэр зэфамышIыгъэу, етIупщыгъэу Iоф ешIэ. «Тыдэ шъукъикIыгъ е тыдэ шъукIорэ?» ыIоу зыпари къытэупчIыгъэп. Фабэр градус 38 — 40-м зыщынэсырэм, щэджэгъо нэстырым кIэлэцIыкIухэр экскурсие къикIыжьыгъэх. Щагум къыдэхьажьыгъэхэр фабэм ыгъэсымэджагъэхэм фэдагъэх.** Унэхэу ахэр зыщыпсэухэрэр корпус шъхьаIэм чыжьэу пэIудзыгъэхэу мэз лъапсэм итых, ахэм арысхэр зихэхъогъух. «Зубренкэм» зыщызыгъэпсэфырэ кIэлэцIыкIухэм ягъэпшагъэмэ, шIокI зимыIэ шэпхъэ бащэ «Ланым» щыIэхэм зэрафагъэуцурэр къыхэщы. Шъхьафитэу адрэхэр зэрэджэгухэрэм, яеплъыкIэ, яшIоигъоныгъэхэр къыдалъытэхэзэ яуахътэ зэрафызэхащэрэм афэдэ мыщ щытлъэгъугъэп. Лагерым ипащэ щытэу гущыIэгъу тызыфэхъугъэ кIэлэцIыкIухэм къыкIэлъыкIощт илъэсыми къэкIощтхэу аIуагъ, ау ар къэшIэгъуай.

**Мыекъуапэ нахь пэблагъэу тыкъэкIуати, поселкэу Краснооктябрьскэм дэт лагерэу «Турист» зыфиIорэм тыкъыщыуцугъ.** Мыщ идэхьагъу милиционер тыщыIукIагъэп, ау вожатэхэм ащыщ кIэлэ зихэхъогъухэр игъусэхэу Iутыгъэх, тызыщыщыр зэрамыгъашIэу ахэм тыдагъэхьагъэп. Нэужым а лагерым ипащэу Людмила Кузнецовам къызэрэтиIуагъэмкIэ, мафэм ахэм чэзыучэзыоу дэхьагъур къагъэгъунэ, «хымэхэр» къыдэмыхьанхэм лъэплъэх, пчыхьэм сыхьатыр 19-м къыщыублагъэу пчэдыжьым 8-м нэс милиционерыр ящынэгъончъагъэ лъэплъэ.

«Туристым» зыщызыгъэпсэфыщтыгъэр тыздэщыIагъэхэм зэкIэми анахьыб, нэбгырэ 330-рэ хъущтыгъэх. КIогъу пэпчъ Адыгеим ичIыпIэ зэфэшъхьафхэм къарыкIыгъэхэу ащ фэдиз къекIуалIэ. Тызыдэхьэм рэхьатыгъ, щэджэгъочъые уахътэу тытефагъ. КIэлэцIыкIухэм языгъэпсэфыгъо уахътэ зэрэзэхащэрэм , псэукIэ амалэу къаратыхэрэм защыдгъэгъуазэу, лагерым ипащэ тыдэгущыIэфэкIэ кIэлэцIыкIу макъэм пстэури зэлъиубытыжьыгъ. Чъыем джыри къыхэмыкIыжьыгъэу, пшъыгъэу е зэщэу зыпари ахэтыгъэп, нэбгырэ пэпчъ зыгорэм фэгъэзэгъагъ, пчыхьэзэхахьэм зыфагъэхьазырыщтыгъ. КIэлэцIыкIухэм къызэрэтаIуагъэмкIэ, Iофтхьэбзэ гъэшIэгъонхэмкIэ баигъэх. МузыкэмкIэ, къэшъонымкIэ, сурэтшIынымкIэ IэпэIэсэныгъэу ахэлъыр къагъэлъэгъон амал зэряIагъэр къыхагъэщыгъ. Илъэс къэс лагерым ипащэ музыкальнэ руководитель къырегъэблагъэ. Мыекъуапэ, Мыекъопэ районым ячIыпIэ зэфэшъхьафхэм экскурсие зэращыIэхэрэм нэмыкIэу хы ШIуцIэ Iушъом кIэлэцIыкIухэр ащэх. ЫпэкIэ къызэрэщытIуагъэу, Людмила Кузнецовами псыхъом зэримыщэхэрэр къыкIигъэтхъыгъ.

— Хым тызыкIокIи ыпэрапшIэу нахьыжъхэм ычIэгъ зыфэдэр зэрагъашIэ, нэбгырипшI нахьыбэ зэдыхэдгъахьэрэп, лъэшэу тынаIэ атет, — ыIуагъ ащ.

Лагерэу ыпэкIэ тызыдэщыIагъэхэм мыри ядгъэпшагъ. Шъыпкъэр пIощтмэ, мыщ анахь узIэпещэ. Людмила Кузнецовам кIэлэцIыкIухэр шIу зэрилъэгъухэрэр, ахэм агъэкIорэ уахътэр агу шIукIэ къинэжьыным ыгуи ыпси хэлъэу зэрадэлажьэрэр, аущтэу къыготхэми Iоф амышIэмэ зэрашIомыкIыщтыр нахь къыхэщыгъэх. «Туристым» шIукIэ игугъу зэрашIыщтыгъэр егъэлыегъэу зэрэщымытыр олъэгъу.

**«Эдельвейсыр» Мыекъуапэ дэт, Адыгеим ичIыпIэ зэфэшъхьафхэм къарыкIыгъэхэу нэбгыри 169-рэ тызщыкIогъэ уахътэм щыIагъ.** Мыщ ипащэу Шагудж Валентинэ гущыIэгъу тызыфэхъум, чэщи мафи къэрэгъул яIэу ары къызэрэтиIуагъэр, **тызыIохьэм зыпари тыздакIорэмкIи къытэупчIыгъэп. Щэджэгъоужэу кIэлэцIыкIухэр щагум дэтыгъэх, ау гъэнэфагъэу зыгорэм пылъ ахэтлъэгъуагъэп, шъхьадж «зэрэфэлъэкIэу» иуахътэ ыгъакIощтыгъ, нахьыжъхэр чъыг чIэгъ жьаум чIэсыгъэх.**

Мы лагерыр лъэныкъуабэхэмкIэ мы мафэм тыздэщыIагъэхэм ауж къенэ. Ащ ипащэ кIэлэцIыкIухэм яуахътэ зэрагъакIорэмкIэ тызеупчIым, Iофтхьабзэу зэхащэхэрэм икъоу ащымыгъуазэм фэдэу къытщыхъугъ. Къыхэдгъэщыгъэр лъэпкъ Iэмэ-псымэ зэфэшъхьафхэр къызщашIыхэрэ гупчэу Нэгъуцу Аслъан зипащэм кIэлэцIыкIухэр зэращэхэрэр ары. Илъэс къэс лагерьхэм кIэу зыгорэ къахэхьо, щыкIэгъэнчъэу щымытхэми, кIэлэцIыкIухэм языгъэпсэфыгъо уахътэ нахь гъэшIэгъонэу зэрэзэхащэщтым пае лъэхъаным диштэрэ шIыкIэ зэфэшъхьафхэр къаугупшысых, псэукIэ амалэу яIэхэр нахьышIу зэрашIыщтым дэлажьэх. «Эдельвейсыр» уахътэм къыщинэрэм фэд, зыпари зэхъокIыныгъэ фэхъурэп.

ЗэрэгъэпсыгъэхэмкIи, кIэлэцIыкIухэм яуахътэ зэрафызэхащэрэмкIи, нэмыкI лъэныкъохэмкIи лагерэу тыздэщыIагъэхэр зэтекIых, чIыпIэу зыдэщытхэри зэфэдэхэп, щыкIагъэу ахэтлъэгъуагъэхэри къыхэдгъэщыгъэх, ау адрэхэм къызэрахэщырэ шIуагъэ горэ зыхэмылъ ахэтэп. Пстэумэ анахь шъхьаIэр кIэлэцIыкIухэмрэ зихэхъогъухэмрэ яуахътэ федэ хэлъэу зэрагъакIорэр, зыпарэми фэмыгъэзагъэхэу урамым зэрэтемытхэр ары.

*ХЪУТ Нэфсэт.*

# Лъэпкъ Iофхэм такIыб афэтэшъумыгъэгъаз

**Къэбэртэе Адыгэ Хасэм ихьакIэщ цIыф гъэшIэгъоныбэ щызэблэкIы. Ахэм зэу ащыщых Адыгэ Республикэм щыщ зэныбджэгъухэу Енэмыкъо Мэулидрэ Едыдж Мэмэтрэ. ТIури Тыркуем къыщыхъугъэхэми, илъэс заулэкIэ узэкIэIэбэжьмэ яунагъохэр ягъусэхэу Мыекъуапэ къэкIожьыгъэхэу щэпсэух.**

УиIэм ыуасэ зызэхапшIэрэр ар зыпшIокIод нэуж арэу аIо. Ар нафэу щызэхэошIэ хэкур зэрагъэбгынэгъэ тилъэпкъэгъухэм адэжь узыкIокIэ. Хэкужъым идэхагъи, ащ ибайныгъэхэри ахэм нахь куоу зэхашIэ. Мы гупшысэхэр IупкIэу ащыпхырыщыгъ УФ-м итхакIохэм я Союз хэт Енэмыкъо Мэулид итхыгъэхэм. Мэулид гурыт еджапIэр къызеух нэуж Стамбул дэт университетым щеджагъ. ЕгъэджакIоуи, телевидением сценариехэр щафитхыхэуи къыхэкIыгъ. Мэулид усэхэр, рассказхэр зэритхыхэрэм нэмыкIэу МэщбэшIэ Исхьакъ ироманитIу, КIэрэщэ Тембот ироманэу «Шыу закъу» зыфиIорэр тыркубзэкIэ зэридзэкIыгъэх. «Къушъхьэхэм сагъэшIыгъэ гупшысэхэр» — джары усэхэр зыдэт итхылъ ащ цIэу фишIыгъэр. 1980-рэ илъэсым апэдэдэ хэкужъым ылъапэ къызырещаем щилъэгъугъэхэмрэ игузэхашIэхэмрэ тхылъым итхын лъапсэ фэхъугъэхэр.

— Обществэу «Родинэм» апэ дэдэ сыригъэблагъи, мэфэ 14-кIэ Налщык сыдэсыгъагъ, — игукъэкIыжьхэмкIэ къыддэгуащэ Мэулид. — ЫужыкIэ сыкъызэкIом Домбай сыдэкIоегъагъ. Ащ къыщыслъэгъугъэхэм лъэшэу сыгу къагъэбырсырыгъ, бэми сарагъэгупшысагъ. А къушъхьэлъэ чIыпIэм зэ нэмыIэми уимытыгъэмэ, адыгэм инепэ, инеущ гъунэм нэсэу зэхэпшIэшъунэпщтын. Ошъогум зизыщэерэ бгы лъагэхэм, къушъхьэ цэкIэ пагэхэм афэзгъэдагъ сэ силъэпкъи. Ахэр арыщтын адыгэм ищыIэкIэ-псэукIэ, ипэгагъэ шапхъэ афэхъугъэхэр. Сыдэу афэдэ къабзэха а бгы шъэджашъэхэр тятэжъхэм ядунэететыкIагъэ, яIокIэ-шIыкIагъэхэм!

Хымэ хэгъэгу къыщыхъугъэ хэтрэ адыги къэбаркIэ зэхихыжьыгъ хэкужъым къушъхьэхэр зэрэщыбэр, чIыопсым исыд фэдэрэ уахъти тичIыналъэ зэрэдэхэ дэдэр. Ау IорIотэжьэу зэхэпхыгъэмрэ унитIукIэ плъэгъурэмрэ зэгъэпшэгъуаех. ИкъэбарышIу пчъагъэ зэхэсхыгъэми, ащ фэдэу сынэгу къысфыкIэгъэуцощтыгъэп сэ, гущыIэм пае, Iошъхьэмафэ. ЫужыкIэ сыздэщыIэгъэ, слъэгъугъэ пстэуми къызгурагъэIуагъ адыгэчIым идэхагъэ гущыIэкIэ къызэрэпфимыIотыкIыщтыр.

Зэрэадыгэ къодыем пае адрэ лъэпкъхэм анахь насыпышIоу зызылъытэжьырэ Енэмыкъор илъэси 8-м ехъугъэу Мыекъуапэ щэпсэуми, ар ыгукIэ ылъэгъурэ пстэуми афэкIэщыгъу. Ар шIогъэшIэгъонэу алъэплъэ тилъэпкъэгъухэм, зэрегъапшэх зихэкужъ пэIапчъэу псэурэ адыгэхэмрэ хэкурысхэмрэ ядунэететыкIэ, яшэн-хабзэхэр. «Илъэси 150-рэ тешIэжьыгъ тятэжъ пIашъэхэр яджэныкъо пэкIыхи хымэ чIыналъэр псэупIэкIэ къызыхахыгъэм. Ау сыд фэдиз бэлахь ателъыгъэми, хэхэс щыIакIэм идыджыгъэ мымакIэу агъэунэфыгъэми, ижъ-ижъыжькIэ адыгэм ишэн-хабзэхэр, ныдэлъфыбзэр агъэкIодыгъэп. Ахэм лIэшIэгъурэ ныкъорэм аухъумэшъугъ бзэр, яхабзэхэр. Километрэ мин пчъагъэкIэ зэпэчыжьэхэу, лъэпкъышхохэм яжьау чIэтхэу къекIокIыгъэхэми, хэгъэгу пчъагъэхэм ащитэкъухьэгъэ тилъэпкъэгъухэм ящыIэкIэ-псэукIэ лъэныкъуабэхэмкIэ зэрэзэхьщырыр умыгъэшIэгъон плъэкIырэп. Тыркуем ит адыгэ къуаджэхэмрэ хэкужъым икъуаджэхэмрэ ащыпсэухэрэр языфэпакIэкIи, нэмыкI лъэныкъуабэхэмкIи зэпэблагъэх. ГущыIэм пае, нахьыпэкIэ адыгэ унагъохэм лъфыгъи 9 — 10 яIагъэмэ, джы тыдэ щыпсэурэ адыги тIу, щы зэригъэгъотырэр. А лъэныкъомкIи зэтефэх. «Метафизикэм иамал горэкIэ зэрэшIэхэ шъуIуа адэ?» — егъэшIагъо Енэмыкъом.

Ежь Мэулид къызыщыхъугъэр адыгэ къуаджэти, адрэ чылагъоу адыгэхэр зыщыпсэухэрэм ящыIэкIэ-псэукIэ сыдрэ лъэхъани шIогъэшIэгъоныгъ. Ар дэмыхьагъэу зы къуаджи Тыркуем итэпщтын.

— 1976-рэ илъэсым къэсэшIэжьы тыдэрэ къуаджи сабыйхэу урамхэм ащыджэгухэрэр яныдэлъфыбзэ нэмыкI зэрэрымыгущыIэщтыгъэхэр, — ыгу къэкIыжьы Енэмыкъом. — Зы тырку гущыIи Iэтахъохэм яжабзэ къыхагъафэщтыгъэп. А лъэхъаным къуаджэхэм радиор, телевидениер къазэралъымыIэсыгъэм ар къыхэкIыгъэнкIи хъун. Джы нэмыкI зэман тызыщыпсэурэр, къуаджэхэм адэсыгъэхэр къэлэшхохэм псэупIэкIэ якIужьыгъэх. Сэ къызэрэсшIошIырэмкIэ, анахьэу ны-тыхэр арых бзэм нахь фэсакъынхэ фаер. Сыда пIомэ урамым, гъэсапIэм, еджапIэм ащызэхимыхырэ бзэр сабыим IэкIэмызыным пае ар унагъом илъын фаеу сеплъы.

— Сэри Мэулид къызыщыхъугъэ къуаджэр ары сызыдэсыгъэр, — тизэдэгущыIэгъу лъегъэкIуатэ Едыдж Мэмэт. — ЕджапIэм сычIэхьаным ыпэкIэ адыгабзэм нэмыкI сшIэщтыгъэп. Университетыр тыркубзэмрэ литературэмрэкIэ езгъэджэн амал сиIэу къэсыухыгъ. Ау ар къышъхьэмыпагъэмэ зыкIи синыдэлъфыбзэ пэрыохъу къыфэхъугъэп. Сыда пIомэ сицIыкIугъом къыщегъэжьагъэу сихэкужъ къэзгъэзэжьыныр ары сызыкIэхъопсыщтыгъэр. Нэужым Адыгэ хасэхэр зэхащэхэу зырагъэжьэм ахэм къащаIэтырэ Iофыгъохэр сшIогъэшIэгъонхэти, сигуапэу сахэлажьэщтыгъ. 1990-рэ илъэсым апэрэу Налщык сыкъэкIуагъ. Ащыгъум обществэу «Родинэм» егъэджакIоу сыкъыригъэблэгъагъ. Ащ фэдэ амал блэбгъэкIы хъуна — хэкум сыщыпсэунэу фитыныгъэ къысэзытырэ тхылъхэр псынкIэу згъэхьазырхи, Мыекъуапэ сыкъэкIожьыгъ.

— Мэмэт, укъызэкIожьым Iоф пшъхьапэ зэбгъэпэшыгъэу узэрылажьэрэм джы нахь игъэкIотыгъэу тыщыгъэгъуаз.

— Хэкум сыкъэкIожьын мурад зысэшIым апэу сызэгупшысагъэр мыры: «СыдкIэ сихэкужъ, ащ щыпсэухэрэм сашъхьапэшъущта?» Ащыгъум, 1993-рэ илъэсым, IэкIыб къэралыгъуабзэхэр зыщарагъэшIэрэ Гупчэ Мыекъуапэ къыщызэIусхыгъ. Илъэсих зыныбжьхэм къащегъэжьагъэу шъэныкъом нэсхэрэри мыщ къекIуалIэх. Адыгабзэм изэгъэшIэн нахь хэхыгъэу тынаIэ тетэгъэты. Хэкужъым къэзыгъэзэжьыгъэхэу ныдэлъфыбзэр зэзыгъашIэ зышIоигъохэм, кIэлэцIыкIухэр дэзыхьыхэрэ нэмыкI лъэныкъохэми тадэлажьэ. ТиIофшIэн къытфэзгъэпсынкIэрэ амалхэм ащыщ зэдгъэуIугъэ фондыр. ЕджэнымкIэ гъэхъэгъэшIухэр зышIыхэрэм стипендие ятэты, зэнэкъокъухэм, конференциехэм тиеджакIомэ ащыщ хэлэжьэнэу хъуми, мылъкукIэ тыдеIэ, Гупчэм къекIуалIэхэрэм ягъэхъагъэхэр къызщыгъэлъэгъогъэ журналым икъыдэгъэкIын текIодэрэ мылъкури фондыр ары къызыхэкIырэр.

ИцIыкIугъом щегъэжьагъэу лъэпкъ Iофым ыбгъукIэ щымытэу, фэгумэкIызэ къэзыхьырэ Мэмэт, сыд фэдэрэ IэнатIэ къырапэсыми, адыгэм ифедэ зыхэлъ зэрилэжьыщтыр ары зыуж итыр. Ар ахэт АР-м щызэхэщэгъэ Адыгэ Хасэми, Дунэе Адыгэ Хасэми.

— «Адыгэр адыгэу хымэ хэгъэгум къыщызэтенэным пае хэкум къепхыгъэу щытын фае, — еIо Едыджым. — Нахьыбэрэ тызэхэхьанхэ, тызэрэшIэнхэ фае. Хымэ хэгъэгухэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэр хэкурысхэм ягуфэбагъэ къырищэлIэжьынхэу сэгугъэ.

Илъэси 150-рэ зэпэIапчъэу псэугъэ зэлъэпкъэгъухэр зы мафэкIэ, зы илъэскIэ зэфэпщэсыжьынхэр зэрэмыIоф псынкIэр къыдгурэIо. Ау ащ мэхьанэу иIэр къыдгурыIоу хэхэсхэм ягузэхашIэ зэхатшIэмэ, Iофыр ыпэкIэ нахь лъыкIотэнэу сэгугъэ. А пстэумэ апшъэр къэзыгъэзэжьынэу фаехэри, ахэр къезыгъэблэгъэжьхэрэри тызэкъотэу тызэдэлэжьэныр ары ищыкIагъэр, адыгэхэр хымэ къэралхэм щахэмыкIокIэжьынхэм пае».

***НЭШIЭПЫДЖЭ Замир.***

# Нахьыбэ зэрэхъунхэм тыпылъ

Зи Хэкужъ къэзыгъэзэжьыгъэхэм я Мафэ хагъэунэфыкIы зыхъукIэ зыкIи къыпфэмыущыгъэ гупшысабэмэ узэлъаубыты. ЯчIыгу абгынэн фаеу зэрэхъугъэм къыздихьыгъэ тхьамыкIагъомрэ лъэпкъымкIэ ащ нахь насыпынчъагъэ зэрэщымыIэмрэ зэхэзышIагъэхэм ащыщ адыгэ лъэпкъри. ЖъалымыгъэкIэ зи Хэку зэрагъэбгынэгъэ адыгэхэм хьылъэу ателъыр затезыжьыщтыр ятэжъхэм ячIыгужъ къызагъэзэжькIэ ары. Ау ар яхъопсэпIэ шъхьаIэу, къамыгъэзэжьышъоу тилъэпкъэгъу тхьапша хымэ къэралыгъохэм арысхэу зидунай зыхъожьыгъэр? Тыдэ щыIэми, сыд фэдизэу дэгъоу мэпсэуми, цIыфым ыпсэ зыдэгъэзагъэр Хэкур ары. Ау непэ дунаим щитэкъухьэгъэ адыгэхэм апсэ Кавказ чIыналъэмкIэ щыI шъуIуа? НэмыкI упчIэхэри шъхьэм къетаджэх: тадэжь щыпсэурэ адыгэхэр фаех шъуIуа яхэку тилъэпкъэгъухэм къагъэзэжьынэу?..

ИгупшысэхэмкIэ къыддэгуащэмэ тшIоигъоу КъЩР-м и Адыгэ Хасэ итхьаматэу Шэрджэс Мухьэмэд упчIэ заулэкIэ зыфэдгъэзагъ.

***— Мухьэмэд, адыгэ лъэпкъхэм язэкъотныгъэ шышъхьэIум и 1-м агъэлъапIэу зэраублагъэр сыдым епхыгъа? Ащ игугъу къытфэпшIыгъэмэ дэгъугъэ.***

— Сербием иавтоном краеу Косовэ иадыгэ къуаджэхэм адэсхэр чIыпIэ зэжъу зефэхэм — албанцэхэм ахэм зао къазырашIылIэм, 1998-рэ илъэсым шышъхьэIум и 1-м Адыгэ Республикэм и Президентэу Джарымэ Аслъан кIэщакIо зэрэфэхъугъэм тетэу нэбгыри 165-рэ Косовэ къыращыжьыгъагъ. Джащыгъум хэкум къихьэжьыгъэ апэрэ нэбгырэм машинэ шIухьафтынэу ратыгъагъ. Адыгэхэм ячIыгужъ зарагъэбгынагъэм щегъэжьагъэу апэ дэдэу ахэр арых къэзыгъэзэжьыгъагъэхэр. А мафэм ыужыIокIэ репатриантхэм я МафэкIэ еджагъэх. ШъыпкъэмкIэ, Къэрэщэе-Щэрджэсым мы мафэр адрэ мэфэкIхэм афэдэу щытымыгъэлъапIэрэми, сэ зэрэслъытэрэмкIэ, ащ уасэ фэтшIын фай.

***— Непэ хымэ къэралыгъохэм ащыпсэурэ адыгэхэм ащыщэу къэзыгъэзэжьынэу фаехэм сыд фэдэ пэрыохъуа апашъхьэ къиуцохэрэр? Бзэ Iофым, зыщыпсэущтхэ чIыпIэм, IофшIапIэм якъэгъотын афэгъэхьыгъэу, нэмыкIэу къэпIон хъумэ, къэгъэзэжьын Iофым епхыгъэу сыда къэпIон плъэкIыщтыр?***

— Шъыпкъэр пIощтмэ, дунаим щитэкъухьэгъэ адыгэ пстэуми къагъэзэжьынэу сшIошъ хъурэп. Сыда пIомэ, гухэкI нахь мышIэми, джырэ адыгэхэм ялъэпкъ шIулъэгъушхо фыряIэу сфэIощтэп. Тадэжь щыIэ тилъэпкъэгъухэми къахэкIых «тэри IофшIапIэ дгъотырэп, типсэукIи шIагъоп, хымэ къэралыгъохэм къарыкIыжьхэрэр сыдэущтэу тадэжь щыпсэущтха?» зыфэпIощтхэм афэдэхэр зыIохэрэр. Арэущтэу щыт нахь мышIэми, къэзыгъэзэжьыгъэхэм япчъагъэ непэ нэбгырэ минитIум нэсы. Ахэм янахьыбэр Къэбэртэе-Бэлъкъарым, Адыгэ Республикэм къэкощыжьыгъэх, сыда пIомэ нахьыбэу а чIыналъэхэр арых адыгэхэр зэрафыгъагъэхэр.

ШъыпкъэмкIэ, нэмыкI къэралыгъо укъикIэу тадэжь щыIэныгъакIэ щебгъэжьэнымкIэ пэрыохъу макIэп къыкъокIырэр. Ау зи Хэку шIу зылъэгъоу ащ къэкощыжьы зышIоигъом ыбзи зэригъэшIэщт, IофшIапIи къыгъотыщт. Анахь шъхьаIэр ащ уфэеныр ары. Хымэ къэралыгъохэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм непэ адыгабзэр аIэкIэзыжьы. Ащ ежьхэри егъэгумэкIых. ГущыIэм пае, джырэблагъэ Тыркуем къырашIыкIи къытаIуагъ яныбжьыкIэхэм адыгабзэр, адыгэ къашъохэр арагъашIэ зэрашIоигъор, ахэр зыгъэсэщтхэр афэдгъэкIонхэу зэрэфаехэр. Ау тихэгъэгу ущыпсэуным пае урысыбзэр умышIэ зэрэмыхъущтыр къэкощыжьы зышIоигъохэм къагурэIо ыкIи бзэр зэрэзэрагъэшIэщтым пылъых.

***— Джырэ тилъэхъан Интернетым амалышхохэр къетых. Дунаим щитэкъухьагъэ хъугъэ адыгэхэр ащ зэригъэшIэшъущтых. АщкIэ тизэпхыныгъэхэм уакъытегущыIэ сшIоигъуагъ.***

— Зэпхыныгъэшхо тиIэу сфэIощтэп. Ау тиныбжьыкIэхэм къахэкIых ИнтернеткIэ хымэ къэралыгъохэм ащыIэхэм нэIуасэ зафэзышIы зышIоигъохэр. Ащ нэмыкIэу ахэр хэкум къедгъэблэгъэнхэу, тхьакIэнхэу, нэIуасэ тафэхъунэу тыпылъ. Тыркуем къикIынышъ ныбжьыкIэ 50 къытфэкIощт. Ахэр Адыгэ, Къэбэртэе-Бэлъкъар, Къэрэщэе-Щэрджэс республикэхэм тхьамэфэ зырызкIэ ащыIэщтых. Ахэм загъэзэжькIэ, ИнтернеткIэ, телефонкIэ зэрэзэлъыIэсыщтхэм, зэрэзэфэтхэщтхэм щэч хэлъэп. ЗэрэтфэлъэкIэу тилъэпкъэгъухэм гъусэныгъэ пытэ адытиIэным, лъэпкъым зыгу фэузыхэрэр нахьыбэ тшIыным тапылъыщт.

***— Зи Хэку къэзыгъэзэжьыгъэхэм я Мафэ хагъэунэфыкIы. Адыгэ пстэуми зафэбгъазэзэ мы мафэм сыд япIо пшIоигъуагъэр?***

— Хымэ къэралыгъомэ арыс тилъэпкъэгъухэр апсэ къуузыгъэу мэпсэух. А хэгъэгухэр зэтегъэпсыхьагъэхэу орэхъу фаеми, ау ахэмкIэ адыгэхэр хымэх. Тилъэпкъ зиужьыжьынымкIэ мэфэкIыр Тхьэм мафэ тфешI, гукъао тимыIэу, пстэури тичIыналъэ тыщызэрэугъоижьыгъэу зылъэгъужьыщтхэм ащыщ Тхьэм тешI.

Адыгэхэм зафэзгъазэзэ сялъэIу сшIоигъу зыкъагъэгъунэжьынэу, наркотикымрэ шъонымрэ задырамыгъэхьыхэу ныбжьыкIэхэр лэжьэнхэу, лъэпкъым фэпсэунхэу!

***ДЫШЪЭКI Анет.***

ШЫШЪХЬЭIУМ И 15-р — УРЫСЫЕМ И ОШЪОГУ ФЛОТ И МАФ

**Зигугъу къэсшIыщт кIалэр тикъуаджэу Къэбыхьаблэ къыщыхъугъ, авиацием ар зыхэтым сэ сыцIыкIугъ. Аущтэу щытыгъэми, адыгэхэм апэрэ летчикэу къызэрахэкIыгъэ закъор ары тызщыгъозагъэр. КъызэраIотэжьырэмкIэ, Чэлэмэт кIэлэ къопцIэ ищыгъэ дахэщтыгъэ, дэгъоу еджэщтыгъэ. Ау къехъулIагъэр амышIэу 1937-рэ илъэсым кIодыгъэ. РыгущыIэщтыгъэх исамолет Испанием щыраутэхыгъэу. Ау зэрэхъугъэ шъыпкъэр ащ ышыпхъоу ФатIимэт къызэрэсфиIотэжьыгъагъэм тетэу къэсэтхыжьы.**



# Игъусэхэр къэгъэнэжьыгъэнхэм текIодагъ

**Цуамыкъо Наныу** къуитIурэ пхъуитIурэ иIагъ. Анахьыжъэу Молидхъан бзылъфыгъэ гъэсагъэщтыгъэ, партийнэ IофшIэнхэм апылъыгъ. Аминэ мэшIокугъогу транспортымкIэ инженерыгъ, лажьэ зимыIэу агъэкIодыгъэмэ ахэфагъ. Апэрэ летчикым яти, яни, ышыпхъу нахьыжъи Хэгъэгу зэошхом ыуж дунаим ехыжьыгъэх. ФатIимэт 2003-рэ илъэсым идунай ыхъожьыгъ. Ар РСФСР-м изаслуженнэ кIэлэегъэджагъ, Ленинымиорден зишъошэ бзылъфыгъэмэ ащыщыгъ, Адыгэ еджэпIэ-интернатым Iутыгъ. Унагъом ышъхьэу Наныу заом ыпэкIэ колхозым ишъхьо фермэ ипэщагъ. ИIагъэх ащ орденэу «Знак Почета», медалэу «За трудовую доблесть» зыфиIохэрэр.

Цуамыкъо ФатIимэт ыш фэгъэхьыгъэу къызэриIотэжьыгъагъэмкIэ, ежьыри Чэлэмэти Къэбыхьаблэ дэтыгъэ еджапIэм чIэсыгъэх. Ар Каир университетым щеджэгъэ цIыф гъэсагъэу Шъаукъо Хьалимэ я 20-рэ илъэсхэм къызэIуихыгъагъ, араб алфавитым адыгабзэр илъэу щырагъаджэщтыгъэх. Нэужым Хь. Шъаукъом апэрэ еджэпIэ-интернатыр Мыекъуапэ къызщызэIуехым, Чэлэмэти ФатIимэти ащ чIэсыгъэх. А еджапIэр къызеухым Чэлэмэт Мыекъуапэ дэтыгъэ индустриальнэ техникумым техническэ сэнэхьат щызэригъэгъоти, нэужым машинэшI заводым Iоф щишIагъ.

— А лъэхъаным Чэлэмэт илъэс 16 ыныбжьыгъэр, — къыIотэжьыгъагъ ФатIимэт. — Мафэм чылэм къэкIожьыгъэу тятэ риIуагъ Ростов еджакIо зэрагъакIорэр. Зыщеджэщт еджапIэр зыфэдэр ны-тыхэм къаримыIоу мэфэ заулэрэ хэтыгъ. Хэгъэгум летчикхэр ищыкIэгъагъэх. Ау летнэ еджапIэм чIэхьаным пае илъэс 18 ыныбжьын фэягъэ. Чэлэмэт илъэс 16 нахь хъугъагъэп. Къоджэ Советым кIомэ ялъэIузэ илъэс 18 хъугъэу тхылъ къаIихыгъ. Ащ тегъэпсыкIыгъэуи паспорт къыдихыгъ. Ар зыхъугъэр 1928-рэ илъэсыр ары.

Сыдэу щытми, комсомолым и Адыгэ хэку комитет иброныкIэ Ростов дэтыгъэ летнэ еджапIэм чIэхьагъ, нэужым Оренбург авиаучилищыр къыщиухыгъ. Летчик хъугъэхэр СССР-м ичIыпIэ зэфэшъхьафхэм ахагощагъэх. Чэлэмэт Белорусскэ дзэ округым хэтыгъэ я 36-рэ авиаэскадрильеу С.М. Кировым ыцIэкIэ щытыгъэм агъэкIуагъ. Зыхэтыгъэ летчикхэм зэкIэми анахьыкIагъ. 1912-рэ илъэсым къэхъугъэр 1910-рэ илъэскIэ кIощтыгъэ. Отпуск къаIихи ядэжь къэкIогъагъ. Шъошэ дахэкIэ фэпагъэу, «браунинг» кIэрахъо голъэу мазэрэ чылэм дэсыгъ.

— Чэлэмэт къалэп зыдэщыIагъэр, — къыIотэжьыгъагъ ФатIимэт. — Белоруссиемрэ РСФСР-мрэ ягъунапкъэхэм адэжь ары. Аэродромышхом дэжь летчикхэм апае унэхэр щытыгъэх. Мы чIыпIэм цIыфхэр дагъахьэщтыгъэхэп. Сэ вызовкIэ сыкIуагъэти, сшы гъусэхэр иIэу къыспэгъокIи сыдащагъ. Аэродромым самолетхэр бэу тесыгъэх. Нахьыбэр чыжьэу агъэбыбырэ бомбардировщикыгъэх. Ахэм афэдэ гор Чэлэмэт зэрысыгъэр. Нэбгыри 8 хъурэ экипажым ежьыр ипэщагъ. Чэщырэ тренировочнэ быбын IофшIэнхэм апылъыгъэх. Чэщныкъо ужым пшъыгъэу къихьажьэу бэрэ къыхэкIыгъ. Пчэдыжьым сыхьатыр 8-м аэродромым нэсын фэягъэмэ, ежьыр сыхьатитIукIэ нахь пасэу кIощтыгъэ. «Сыда, Чэлэмэт, арэу жьэу узкIакIорэр?» — сIоти сеупчIыщтыгъэ. «ОшIа, Фатюша, дунаим цыхьэ зыфэпшIы хъун тетэп. Сисамолет епхыгъэ механикхэм техническэу агъэтэрэзыми, сэ сымыуплъэкIужьэу хъурэп. Ащ ыуж ары гупсэфэу сызыбыбырэр. Ахэр зынэмысыгъэхэр къыхэзгъэщыжьэу мэхъу». Джащ фэдэу гумызагъэу щытыгъ.

Арэущтэу зэришIы зэпытыщтыгъэр арын фае Чэлэмэт зипэщэ экипажым быбын-тренировкэ IофшIэнхэм афэгъэхьыгъэ зэнэкъокъухэм апэрэ чIыпIэр ренэу зыкIащиIыгъыгъэр. Ащ фэдэу мафи чэщи зэлъыпытэу аэродромым бомбардировщик хьылъэхэр тебыбыкIыхэти зызэрагъасэщтыгъэм къыуигъэшIэнэу щытыгъ чIыпIэ чыжьэ горэм агъэкIонхэу зэрагъэхьазырыщтыгъэхэр. Мыщ Москва къикIыгъэ лIыкIохэр мафэ къэс щызэблэкIыщтыгъэх. Быбыным нахь фэкъулайхэу, опыт ин зиIэхэм ащыщхэр Испанием кIонхэу щытыгъ. Апэрэ купыр быбыгъахэ. ЯтIонэрэ купэу агъэхьазырырэм Чэлэмэт зэрэхатхагъэр ыушъэфыпэзэ ышыпхъу къыриIуагъ: «ТичастькIэ а хэгъэгум кIощтхэм сахагъэфагъ. УзыкIожьыкIэ тятэ еIу, ау тянэ емыгъашI».

ФатIимэт чылэм къызэкIожьым къэбархэр фиIотагъэх янэ. ШIэхэу отпуск къыратынышъ къызэрэкIощтыр фыхигъэпсыгъэти, ныр къэлапчъэм ылъэныкъокIэ ренэу плъэщтыгъэ. Ыкъо летчик IэпэIасэ зэрэхъугъэм Наныуи лъэшэу рыгушхощтыгъэ. Сыдэу щытми, якIалэ дзэм къикIынэу зэрэщытым паплъэу быным зигъэхьазырыщтыгъэ. Ащ пае Наныу шкIэхъужъ фигъашхэу ыIыгъыгъ. КъызыкIокIэ фишIэщт гушIогъо фэIо-фашIэхэм ягупшысэщтыгъэ. Пщынэо IэпэIасэу Былымыхьэ Пагор хэтэу ешхэ-ешъоу фигъэхьазырырэм иIахьылхэр, гъунэгъухэр, джащ фэдэу зэрэчылэу щыгъозагъэх. Апэрэ адыгэ летчикыр зэралъэгъущтым къоджэдэсхэр кIэгушIуэщтыгъэх.

Чэлэмэт старшэ лейтенантыгъ. Летчикхэм условие дэгъухэр яIагъэх, ялэжьапкIэ иныгъэ. Артист цIэрыIохэр къафакIохэти, концертхэр къафатыщтыгъэх. Ежьыр ары адыгэ закъоу частым хэтыгъэр. Арэущтэу зэрэщытым пае игугъу дэикIэ аригъэшIынэу фэягъэп. Исэнэхьат шIу ылъэгъуущтыгъэ. Оренбург дэтыгъэ авиаучилищыр диплом плъыжькIэ къызэриухыгъэр, шIэныгъэ куоу ащ къычIихыгъэр къышъхьэпагъэх. Улетчикыныр зэрэмыIоф цIыкIушъокIур къызгурыIозэ, ошъогум IэпэIэсэныгъэ ин пхэлъэу узэрэщызекIон фаем епхыгъэ шIэныгъэр практикэм къызэрэщыбгъэлъэгъощт шIыкIэм иамалхэр ренэу зыдиIыгъхэу икъулыкъу ыхьыгъ.

Боевой ыкIи политическэ ухьазырыныгъэмкIэ Чэлэмэт ренэу апэ итыгъ. «А черкесым ыпэ уигъэкIощтэп», — аIощтыгъ игъусэхэм. Исурэт Щытхъу пхъэмбгъум ит зэпытыгъ. Частым Чэлэмэт лъытэныгъэ ин къыщыфашIыщтыгъэ, пащэхэм шIу къалъэгъущтыгъэ. Ау адыгэ кIалэм частым щыриIэ лъытэныгъэр зыгу римыхьырэ нэбгырэ зырызхэри къыхэмыкIыгъэу щытыгъэп. Ащ фэгъэхьыгъэу ФатIимэт къыIотэжьыгъагъ.

— Зэш-зэшыпхъухэм пчыхьэрэ тыгущыIэу бэрэ тыщысэу хъугъэ. Тятэ нахьи тянэ нахьыбэрэ игугъу тшIыщтыгъэ, Iаджыми тaтегущыIэщтыгъэ. Мафэ горэм ибомбардировщик къысигъэлъэгъугъагъэти, «Сыдэу Iая мы узэрэбыбырэр» зэресIогъагъэри сыгу къэкIыжьы, джыри игугъу зыфэсэшIыжьым къысиIуагъ: «Фатюша, къыосIонэп сIуагъэ, ау игугъу къыпфэсымышIымэ хъунэп. Зы пчыхьэ сизакъоу коридорым сыкъырыкIозэ нэбгыритIу — зыр тэ тилетчик, адрэр Москва къикIыгъэхэм ащыщ — гущыIэхэу, «Этого черкеса надо убрать» аIоу зэхэсхыгъэ. НахьыбэрзэхэсшIыкIыгъэп, ау сэры зытегущыIэщтыгъэхэр. Джы къызгурыIуагъ тичасть хэтхэм ащыщхэр шIукIэ сауж зэримытхэр, нэбгырэ зырызхэм къулыкъум лъытэныгъэу къыщысфашIырэр, командованием шIу сызэрилъэгъурэр агу зэрэтемыфэрэр». Арэущтэу къызиIогъагъэм ыуж мазэ нахьыбэ ыгъэшIэжьыгъэп. Ар зыхъугъэр 1937-рэ илъэсым игъатх ары. Сэ «тянэ сымадж» итхагъэу телеграммэ Молидхъан къысфаригъэхьыгъэти, сыкъэкIожьын фаеу хъугъэ. Чэлэмэт мэшIокум сыкъыригъэтIысхьажьы зэхъум «ШIэхэу отпуск къаIысхынышъ сыкъэкIощт, тянэ орэмыгумэкIы», — ыIуи къыскIэлъыджагъ. Сынэпс къетэкъохэу сыгъызэ, шъхьаныгъупчъэмкIэ сымылъэгъужьы охъуфэ сиплъыгъ. Хэта зышIагъэр сянэ къылъфыгъэр ащ нахьэу сымылъэгъужьыныр?

ФатIимэт етIани къыIотэжьыгъ: «Мафэ горэм псынэм псы къисхызэ, тятэ щагум къыдэхьажьи, сэри къысэмыплъэу, чэфынчъэу унэм ихьагъ. ЕтIанэ къэджагъ. Сызехьэм «А сипшъашъ, сищыгъынхэр къэгъэхьазырых», — еIо. «Тыдэ укIощта?» сIуи сызеупчIым, «Белоруссием сыкIощт. Ори усигъусэщт. Телеграммэ къатыгъ», еIо. «Моу сегъадж» сIуи шъхьаем, къыситыгъэп. ЗэрэкIощтыр тянэ зыреIом кууагъэ, гъыгъэ. «ШIу щыIэп ащ» ыIуи, ерагъэу тятэ ыгъэIэсагъ. А мэфэ дэдэм тежьагъ. А лъэхъаным чыжьэу укIощтмэ, мэшIоку закъор арыти щыIагъэр, ащ тисэу тыкIозэ, Курскэ тышIокIыгъэу, тимэшIоку къэуцуи, чэщ-зымафэ мыкIоу щытыгъ. Нэужым зэрэзэхэтхыжьыгъэмкIэ, чIыпIэ горэм мэшIокур щыдагъэчъэхыгъэу, ащ пае тыщагъэтыгъ. Тызынэсын фэе станцием тызыщекIым, нэбгырихэу къытпэгъокIыгъэхэм къытаIуагъ: «ЛIыгъэ къызхэжъугъаф». Сэ къэбар зэрэсымышIэрэм ахэр щыгъозагъэхэп. «Зы мафэкIэ шъукъэгужъуагъ. АгъэтIылъыгъах», — еIо къытпэгъокIыгъэхэм япащэ. Джы къызгурыIогъэ къодый. Сыкууагъ, сыкIыигъ. КъыскIэтхэу машинэм сырагъэтIысхьагъ, тяти ыблыпкъ аIыгъэу машинэм ращэлIагъ. ЗанкIэу къэхалъэм тащагъ. Ащ дэи тыщыхъуи, Чэлэмэт ишъэогъухэм тыкъыIуащыжьи, ифэтэр тыкъащагъ. Авиабазэм икъулыкъушIэхэр зэкIэри къытфэтхьаусыхагъэх. Частым икомандир Чэлэмэт икIодыкIэу хъугъэр къытфиIотагъ, комиссарми къэбархэр къыхигъэхъожьыгъэх. Командирым Чэлэмэт икIэрахъо къышти, Наныу къыритыгъ «нэпэеплъы» ыIуи. Хэгъэгу зэошхор къызежьэм, ар хабзэм иорганхэм аштэжьыгъагъ».

1937-рэ илъэсым жъоныгъуакIэм и 17-м летчикхэм кIэух быбынэу яIагъэхэр заом хэтхэм афэдэу ушэтыпIэу щытыгъэх. Самолет бомбардировщик онтэгъухэу чэщырэ чыжьэу быбыхэрэм афэдэхэр ошъогум ибыбагъэх, чIыпIэ гъэнэфагъэ горэм нэсыхи, бомбэ шъыпкъэхэр радзыхыгъэх. Шъхьадж ипшъэрылъ ыгъэцэкIагъ. Чэлэмэт зипэщэ самолетышхоу нэбгыри 8 зэрысыр купым икIэщакIоу, апэ итэу къэкIожьыхэзэ, самолет горэм машIо кIэнагъэу зэрэстырэр рациемкIэ аэродромым къатыгъ. Мыдрэхэм «Хэт исамолета стырэр?» аIуи задэгущыIэхэм, «Цуамыкъом иер ары» аIуи джэуап къатыжьыгъ. «Аущтэу хъун ылъэкIыщтэп, ащ исамолет нахь зэтегъэпсыхьагъэ ахэтэп», — аIуагъ шъхьаем, арэу къычIэкIыгъ. Арэущтэу зэхъум, аэродром станцием ирацие Цуамыкъом исамолет тырагъэпсыхьагъ, ау радистым зи къыIорэп. Связыр кIодыгъэ. Самолетым машIо къызэриштагъэм лъыпытэу, Чэлэмэт командэ къымыты рапшIэзэ, зыми емыупчIыжьэу радистыр люкымкIэ къипкIыгъ. Iофыр зэрэхъурэр зелъэгъум Цуамыкъом иунашъо тетэу нэбгырэ зырызэу адрэхэри къипкIыгъэх. Ежьыр ауж дэдэ къызепкIым, ипарашют самолетым ипкъыгъо горэм шIуани, сты пэтрэ самолетэу ефэхырэм зыздырилъэшъохыгъ.

Исыгъэ нэбгыри 8-м щыщэу 4-р хэкIодагъ, плIыр псаоу къэнагъ. Ау зыгорэм ылъэкъуитIу пахыгъ. Чэлэмэт ынэгушъо зэрэщытэу тыристыкIыгъ. ЧIым къытемыфэзэ ыгу зэрэзэгоутыгъэри врачхэм агъэунэфыгъ. Самолетыр къемыфэхызэ, Чэлэмэт ипланшети, бортжурналри, уасэ зиIэ аппаратурэри къыридзыхыгъэх. Ахэр пшахъом хэфагъэхэу къагъотыжьыгъэх.

Наныурэ Фатимэрэ зэкIохэм Чэлэмэт икIодыкIэ шъыпкъэ къараIуагъэп, насыпынчъагъэкIэ кIодыгъэу къагурагъэIуагъ. Нэужым самолетым къехъулIагъэм специальнэ комиссиеу агъэнэфагъэм кIэух фишIыгъ. Бортжурналым итхагъэхэм, планшетым илъхэм, аппаратурэу къыридзыхыгъэхэм нафэ къашIыгъ ар диверсие Iофэу зэрэхъугъэр. Радистыр апэу агъэтIысыгъ. Ащ ыуж а Iофым хэлъэшъуагъэхэр къыхагъэщыхи агъэтIысыгъэх. Аубытыхэзэ, комиссари, командири, нэмыкIи зэдагъэкIуагъэх. Ошъогум къыщыхъугъэ тхьамыкIагъор зиIэшIагъэхэри, ащ епхыгъэхэри агъэунэфыгъэх. УплъэкIун IофшIэнхэм къызэрагъэлъэгъуагъэмкIэ, самолетыр къызэрефэхыщтыр, ащ икомандир зэрагъэкIодыщт шIыкIэр нахьыпэ рапшIэу агъэхьазырыгъагъ. Къефэхыгъэ бомбардировщикыр зауплъэкIум, ежь щымыщ металлхэр къыхагъотагъэх. Бензобак кIоцIыми зыщыщ амышIэрэ гъучI такъырхэр къырагъотагъэх. Самолетым машIо къызэриштэщтыр зышIэщтыгъэ радистыр командэ щымыIэу, зыми емыупчIыжьэу люкыр къыIуихи, къызэрипкIыгъэм къыуегъашIэ ежьыр а бзэджэшIагъэм зэрэхэлэжьагъэр, зыгорэм епхыгъэу Iоф зэришIагъэр.

Мы хъугъэ-шIагъэр зэхафы зэхъум ФатIимэт тфэгъогогъо следовательхэр къеджэхи, ыш зыщыкIодыгъэм ащагъ. ЗыщыкIуагъэ горэм янэ зыдищэгъагъ. КъеупчIыгъэх Iэшъхьэтет инхэу Москва къикIыгъэхэр, ежь авиабазэм иIофышIэхэр. Мафэ горэм частым икомиссар ФатIимэт къыдэгущыIэзэ къыриIуагъ: «Фатима, джыри зэп, тIоп къызэрэоджэщтхэр. Ау енэгуягъо мызэгъэгурэ тизэIукIэгъу аужырэкIэ». «Сыда?» — ыIуи пшъашъэр зеупчIым, «Джы укъызыкIокIэ сыплъэгъужьыщтэп», къыриIожьыгъ. Арэущтэу зыкIиIуагъэм лъапсэ имыIэу щытыгъэп. Частым ипащэ агъэтIысыгъахэти, ежьыри ащ ыуж рагъэхьагъ.

Цуамыкъо Чэлэмэт къулыкъу зыщихьыгъэ я 36-рэ авиаэскадрильеу С.М. Кировым ыцIэ зыхьырэм иполитчасть 1937-рэ илъэсым жъоныгъуакIэм и 28-м ВКП (б)-м и Адыгэ хэку комитет къыфигъэхьыгъэ тхылъым икопие ФатIимэт иIагъ. Ащ мырэущтэу итхагъ: «ВКП (б)-м хэтэу Цуамыкъо Чэлэмэт Наныу ыкъоу Къэбыхьаблэ щыщыр жъоныгъуакIэм и 17-м еджэн-боевой пшъэрылъыр ыгъэцакIэзэ хэкIодагъ. Ар хэкум ыцIэкIэ летчикэу рагъэджагъ. Дэгъу дэдэкIэ училищыр къызеухым летчик-инструкторэу агъэнэфагъ, нэужым тичасть къагъэкIуагъ. КIэлэ Iушэу, жьы кIэтэу, исэнэхьат хэшIыкI ин фыриIэу зыкъигъэлъэгъуагъ. Бэрэ пэмытэу подразделением пащэ фашIыгъ.

Цуамыкъор большевик шъыпкъагъ. Парторганизацием ибюро хэтыгъ. Еджэн-боевой гъэхьазырыным икIэщэкIуагъ. ШIухьафтынхэу къыфагъэшъошагъэхэм ащыщыгъ СССР-м УхъумэнымкIэ и Наркомэу К.Е. Ворошиловым дышъэ сыхьатэу къыритыгъагъэр. Цуамыкъом ыIэ илъ кIалэхэр къыгъэнэжьынхэм пылъзэ ыпсэ ыгъэтIылъыгъ.

Командованиер щыгъуаз Цуамыкъор щэIэфэ ятэ-янэхэм IэпыIэгъу зэрафэхъущтыгъэм. Джыдэдэм ахэм гукъэошхо яI. Частым икомандование къэлъаIо Чэлэмэт фэдэ кIалэу зихэгъэгу пае зыпсэ зыгъэтIылъыгъэр зыпIугъэ ны-тыхэм шъунаIэ атетынэу».

Адыгэ хэку исполкомым къикIыгъэ тхылъыри Наныу ыцIэкIэ къэкIуагъ: «Лъытэныгъэ зыфэтшIырэ ордензехьэу Цуамыкъо Наныу! Авиаэскадрильеу Кировым ыцIэкIэ щытым къытфаригъэхьыгъэ тхыгъэм къыщеIо шъуикIалэу Чэлэмэт ежь имылажьэу, лIыгъэ хэлъэу, гушхо кIоцIылъэу, игъусэхэр къэгъэнэжьыгъэнхэм пылъзэ зэрэкIодыгъэр. Хэку исполкомым ипрезидиум а гухэкIышхор къыжъудегощы. Ащ фэдэ кIэлэ бланэр тихэгъэгукIэ чIэнэгъэ ин, дзэкIолIхэмкIи щысэтехыпI. ШъуикIалэ ужыпкъэ мафэ шъуфэхъу. Ар зыпIугъэ ны-тыхэр тщыгъупшэщтхэп. Хэку исполкомым ипрезидиум илъэс къэс сомэ 5000 къышъуфитIупщын фаеу елъытэ».

Цуамыкъо Чэлэмэт 1937-рэ илъэсым жъоныгъуакIэм и 18-м Испанием быбыщт бомбардировщик купым ипащэу кIонэу щытыгъ. Ау зы мафэ нахь къэмынэжьыгъэу кIодыгъэ. Джары Испанием ащ исамолет щыраутэхыгъэу аIуи, илъэс бэкIае хъугъэу гъэзетым къызкIыхаутыгъагъэр.

***ШЫМЫГЪЭХЪУ Мурат.***

Сурэтым итыр: **Цуамыкъо Чэлэмэт.**

# Итворческэ чылапхъэ бэгъуагъэ



ЦIыфым гушъхьэбайныгъэ ышIынымкIэ, ышъхьэкIэ зыкъигъотынымкIэ, художественнэ литературэм мэхьанэшхо иI. Ар шъошэ гъэнэфагъэу иIэмкIи, купкIымкIи, гупшысэу хэлъымкIи щыIакIэм тешIыкIыгъ, ибзыпхъ, образхэмкIэ ыкIи художественнэ шIыкIэ-амал зэфэшъхьафхэмкIэ лъэпкъым игъашIэ къыриIотыкIэу гъэпсыгъэ.

Адыгэ прозэр лъэгъо зафэ тещэгъэнымкIэ, ащ гъогу ин фыхэхыгъэнымкIэ, титхэкIо IэпэIасэу КIэрэщэ Тембот Iофышхо ышIагъ.

КIэрэщэ Тембот Мыхьамэт ыкъом зэчый дахэу хэлъым фырикъужьырэ шIэныгъэ-гъэсэныгъэ зызэригъэгъотыгъэм къыщегъэжьагъэу, адыгэ лъэпкъым икультурэ ыкIи ищыIэкIэ-псэукIэ нахьышIу шIыгъэнхэм ынаIэ ренэу тетыгъ, ынэгу фэгъэзэгъагъ. Ихудожественнэ псэлъэ лъэш зафэкIэ КIэращэм адыгэр зэрэдунаеу щызэлъаригъэшIагъ.

Адыгэм ишыу цIэрыIуи, онэгум исылIым илъэрыхьагъи, лIыгъэм ихэбзэ ини, дзэкIолIым илIыIо-лIышъуи, бысымым игъэпсыкIэ-шIыкIи, бзылъфыгъэм хэлъ шIыкIэшIуагъи, адыгэ пшъашъэм идэхэгъэ бжьышIуагъи, акъыл гулъытэу лъэпкъыр зыIэтыри, кIэлэгъу-шъэогъу ыкIи ныбжьыкIэ зэфыщытыкIэхэри, нахьыжъым гъэшIоныгъэу фашIыри (рахыри), губзыгъагъэри, бзэшIуагъэри, адыгэр нэмыкI цIыф лъэпкъыбэмэ къахэзыгъэщыгъэ хэбзэ уцугъэу «адыгагъэр» тхакIом кIэзыгъэнчъэу ипроизведениехэм къащитыгъ.

КIэращэм иновеллэхэр, иповестьхэр, ирассказхэр адыгэм — хъулъфыгъи, бзылъфыгъи, жъи, кIи анэгу (идэгъугъэ-къэбзагъэ) тхыпхъэу зыщыгъэчъыгъэх. АщкIэ ежь тхакIом илъэпкъ шIулъэгъу инэу фыриIэр кIигъэтхъыгъ.



КIэрэщэ Тембот ипроизведениехэм адыгэхэр хэгъэкIи, нэмыкI цIыф лъэпкъхэм ащыщхэр зяджэхэкIэ, зыщыщ амышIапэщтыгъэ адыгэр якIасэ ашIы. Ары пакIошъ, лъэпкъым упэIапчъэу, учыжьэу, зекIокIэ-шIыкIэхэмкIэ, цIыфыгъэ хабзэмкIэ зыбгъэкIэжьы пшIоигъомэ, КIэращэм итхылъхэр шти, угу етыгъэу ядж, узыфэе гъэсэпэтхыдэр ахэбгъотэщт. Джары тхэкIошхом итворческэ чылэпхъацэ пэпчъ зэрэбэгъуагъэр, зэрэшъхьэлъагъэр къыозгъашIэрэр.

ЦIыфэу адыгэ чIыгум къытехъуагъэ пэпчъ шIоу хэлъын фаер лъэныкъо пстэумкIэ тхакIом ипроизведениехэм къащитыгъ, къащигъэлъэгъуагъ. Игеройхэм яцIыфыгъэ-зэдэштэныгъэ дахэкIэ узылъаещэ, узэрагъэхъуапсэ, пшIэщтыгъэ цIыфхэу, ахэр къыппэблагъэ мэхъух, ар хэгъэкIи, тищыIэныгъэ ащ фэдэ шэн дэгъухэр, дахэхэр зыхэлъхэу, къызщыхафэхэрэм уащылъэхъу. Дэгъум хэта фэмыер ыкIи кIэмыхъопсырэр?! ПIуныгъэ тэрэзыр арыба литературэ иным пшъэрылъэу иIэри, зэшIуихырэри.

ЩыIэкIэ шэпхъэ инхэр, цIыфыгъэ хэбзэ дахэр ахэлъхэу, ялъэпкъ шъхьалъытэжь зиIэтэу, зылъэгъурэр къяхъуапсэу, хэшыкIыгъэхэу, къахэщыхэу адыгэхэр псэунхэм къыфаджэу, фэшIушIэу КIэрэщэ Тембот игупшысэ зэригъэлэжьагъэр итхыгъэхэм къаушыхьаты, итворческэ шIушIагъи цIыфыгу мин пчъагъэмэ алъэIэсы, жьыкъэщэгъу гуапэ афэхъу.

***МАМЫРЫКЪО Нуриет.***

# Пцэжъыяшэ тэ тежьагъ



*Атакъэхэр агъэжьэу маIох.*
*«Пцэжъыяшэхэр, шъуеужьыр!»*
*аIорэм фэд.*
*Зытымыгъэгужъоу адедгъэштагъ,*
*Пцэжъыяшэ тэ тежьагъ.*

*ТхакIор разэу тапэ щыс,*
*Пэрэныкъор ащ къыгос.*
*Пцэжъыяшэмэ сырягъус,*
*Аслъанбэчи сэ къызгос.*

*Пцэкъэнтфхэр ащ ыIыгъ,*
*Хьамлыухэр самбыр дэд.*

*Ти «Победэ» хьазырыпс,*
*Спининг кIыхьэр игъэщыгъ,*
*КIэпсэ кIыхьэр къещэкIыгъ,*
*Щэтырэшхор зыдэтIыгъ.*

*Термосышхом щаир ит,*
*Гъогу гъомылэр матэм из.*
*Чэщ къэтыныр тигухэлъ.*

*МашинакIэр рещэхы,*
*Тембот разэу мэщхыпцIы.*

*Чымэтэшхуи, хъытыушхуи,*
*Хьэшъо къуашъуи, къошъобэщи,*
*Щазмэ кIыхьи, хьашъо шъхьанти,*
*Ошэкури, аргъой уци —*
*Зыфэещтхэр бэу зэхэлъ.*

*Иприемник Iэрыфэгъу,*
*МашинакIэр ушъэгъае.*

*Ти «Победэ» зэрилъэкI,*
*Къэгъагъ шъофхэр зэренэкIы,*
*Чъыг бырабэмэ тябгъучъэ,*
*КъытфыIуехы чылэм ипчъэ.*

*ТхэкIо нэгур гушIопсыхы,*
*Лэбэнэпкъы тыкъынэсы.*
*Ижьы къабзэ зыIутэщэ,*
*Шъоф къэгъагъмэ таумэхъы.*

*Чэщ осэпсэу къехыгъэм,*
*Губгъор зэкIэ ылъэсыгъ.*

*Чэм Iэхъогъур къылъэкIуатэ,*
*НыбжьыкIэгъуми гур лъэкIуатэ;*
*Ячэм къарэ нэкIэ лъэхъу,*
*Ехьыщырэу чэм елъэгъу.*

*Iэхъо кIалэм шъхьащэ къешIы,*
*ГущыIэгъу зыкъытфешIы.*

*Ошъочапэр къэушэплъыгъ,*
*Мэз кIэракIэр къэлъэгъуагъ,*
*Бзыу орэди къытэIугъ,*
*ЗэкIэ тыеу къытщыхъугъ.*

*«Кур» — жьаупIэм агъэуцу,*
*Iалъмэкъхэр къызэIуахы,*
*Щэтырэшхор къызэкIахы;*
*ГъучIы ощыр зым къыдехы.*

*Тыгъэр фабэу ом къеуцо.*
*Таущтэу фабэм утекIон,*
*У ТемботкIи, у МураткIи.*
*Тыгъэстырым сыд епшIэн?*

*Ау къагъоты хэкIыжьыпIэшIу.*

*Мэзым чыхэр къыхаупкIы,*
*Унэ цIыкIур хаупхъукIы,*
*Жьау щысыпIэр къагъэпсы.*
*Агу псэфыгъэу зэIоплъэжьых,*
*Псы стэчани ешъожьых.*

*Муратышхом «шIэх» еIо,*
*ФэIэтыщтыр ыпшъэ релъхьэ,*
*Аслъанбэчи ятэ деIэ, —*
*КIуачIэу иIэр хелъхьэ.*

*Уахътэр кIорышъ тэгуIэжьы,*
*Лабэ Iэлышъ къыоблэщтэп.*
*ПщыпIэ шIагъор къысфагъанэ,*
*Шъэожъыери къыздень.*

*Нэм фэмыплъырэм сыгу ещэфы,*
*Слъэгъурэ пстэумэ сагъатхъэ,*
*СахэдаIо бзыу орэдмэ,*
*КIэсэIукIы сэ сикIасэр.*

*Шъофыр зэкIэ осэпс нэгу,*
*Сыгу бзыу тамэу зиушхугъ.*

*Тыгъэр пшъыгъэу къокIошъагъ,*
*Чэщым ипчъэ къыIуихыгъ.*
*Тимашинэ тиунапI,*
*Тычъыенэу тигъолъхьагъ.*

*Тибысымыр Тембот,*
*Тигъэгъунэу къытфэсакъ.*
*«Чэщ IэшIукIэ» къытфэлъаIу.*

*ТхакIохэр пщыпIэм екIужьы,*
*Гъэпсэфыгъо дахэ щырахы.*
*Щэтырэшхор агъаIэшъ,*
*Чъыг пкIашъэкIэ аухъумэ.*

*ПхъэнтIэкIу щыхьэм тетIысхьи,*
*Ошэкурыр ыгъэпщыгъ,*
*Хьэшъо кIакор зыщилъагъ,*
*Спининг кIакор зэкIищыгъ,*
*КIэпсэ псыгъор ыкъудыйи,*
*Пцэкъэнтфыр пишIагъ,*
*Хьамлыури ащ пиIугъ.*

*Хьэшъо къуашъуи,*
*Къошъо бэщи,*
*Щазмэ кIыхьи —*
*Дзыо джадэ зыдаIыгъ...*

*Лабэ къызэмыплъэкIэу мачъэ.*
*Нэпкъым ехы, псыIум Iохьэ,*
*«ШъуиIахь!» еIошъ, пцэкъэнтфыр етIупщы,*
*Пцэжъыехэр зезэрэфэ.*

*Мэзахэр бзэмыIоу IокIошъы,*
*КIым-сымыр бэмэ ягуцафэ,*
*Гу цIыкIур зэкIэмэ анэсы,*
*Гупшысэм тхакIор еубыты.*

*Ошъочапэр къэушэплъы,*
*Нэфылъэр мафэм къещэи.*
*КIали сэри тытхъэжьыгъэу,*
*Нэфшъагъом тыкъэущы.*

*Пцэжъыяшэхэр разэх.*
*Къыхадзыгъэр пэго блэр!*
*Гъэпсэфыгъор тыухыгъэу,*
*Тегупшысэ тинеущы.*

*Аргъоихэр быяугъэу,*
*ЛIымэ Iанэ афэсшIыгъ;*
*Шылъэмакъэ къысэIу,*
*Iэхъо кIалэр ушъэу къэкIо.*

*КIалэр ишы къытфепсыхы,*
*ШIуфэс фабэ къытпегъохы,*
*ТитхэкIошхохэр къешIэжьышъ,*
*«Шъукъеблагъэр!» зэхэтэхы.*

*ТхакIом матэм Iапэ фешIышъ,*
*«Мыр о уиешъ, штэ!» — реIожьы.*
*Ау кIэлэшIум цIыкIу зешIышъ,*
*Пэго матэр къегъэнэжьы.*

*Чылэ гъунэм къыддынэсышъ,*
*«Гъогумафэх!» къытлъеIожьы.*

**КIЭРЭЩЭ Зуз.**

ФИЗКУЛЬТУРНИКЫМ И МАФ

# Спортышхом нахьышIоу тыщызэлъашIэщт



**Адыгэ Республикэм физкультурэмкIэ ыкIи спортымкIэ и Комитет итхьаматэу, дунаим самбэмкIэ гъогогъу 11 ичемпионэу Хьасаныкъо Муратэ физкультурникым и Мафэ ехъулIэу гущыIэгъу тыфэхъугъ. Спорт псэуалъэмэ ягъэпсын, спортсмен цIэрыIохэр гъэсэгъэнхэм, цIыфмэ япсауныгъэ гъэпытэгъэнымкIэ физкультурэмрэ спортымрэ ямэхьанэ зыкъызэриIэтырэм, нэмыкI Iофхэм татегущыIагъ.**

— Федеральнэ ыкIи республикэ программэхэу физическэ культурэмрэ спортымрэ афэгъэхьыгъэхэр аштагъэх. 2006 — 2015-рэ илъэсхэм ателъытэгъэ федеральнэ ыкIи республикэ программэхэу физкультурэмрэ спортымрэ яхьылIагъэхэм адиштэу стадионыкIэхэр, спорт псэуалъэхэр тэшIых. Республикэ стадионэу агъэпсырэр дэхэ дэдэ хъущт. Ащ хэгъэгум атлетикэ псынкIэмкIэ изэнэкъокъухэр щызэхэтщэнхэ тлъэкIыщт. Шахмат клубым зэхъокIыныгъэ инхэр фэхъущтых, бжыхьэм псэолъэшIхэм яIофшIэнхэр аухыщтых. Стадионэу «Юностыр» къызэIутхыгъ. Щесынхэу бассейнышхо тэгъэпсы.

***— IофшIэнхэм язэхэщакIомэ, кIэщакIомэ уакъытегущыIэ тшIоигъу.***

— Тиреспубликэ и Президентэу ТхьакIущынэ Аслъан, Парламентым, Правительствэм тафэраз. Федеральнэ къулыкъушIэхэр чанэу къыхагъэлажьэхэзэ, спорт псэуалъэхэр Адыгеим щашIых. Футбол цIыкIум пае ешIэпIэ 55-рэ ащэфыгъ. Спорт лъэпкъхэмкIэ зэнэкъокъухэр зэхэщэгъэнхэм фэшI республикэ программэу 2008 — 2012-рэ илъэсхэм ателъытагъэр щыIэныгъэм щыпхырытэщы. АР-м и Президентэу ТхьакIущынэ Аслъанрэ Премьер-министрэу КъумпIыл Муратрэ хэпшIыкIэу IэпыIэгъу къытфэхъухэзэ зэнэкъокъу гъэшIэгъонхэр зэхэтэщэх.

***— Адыгеим испортсменхэм ацIэхэр дунэе зэнэкъокъумэ ащызэхэтэхы, ащ тегъэгушIо.***

— Тибаскетбол командэу «Динамэм» УФ-м изэнэкъокъухэу апшъэрэ купым щыкIорэмэ апэрэ чIыпIэр къаащыдихыгъ. Суперлигэм щешIэнэу фитыныгъэ иIэ хъугъэ. Гандбол бзылъфыгъэ командэу «АГУ-Адыифыр» суперлигэм щешIэ. Тигандболисткэхэу Яна Усковар, Мария Гарбуз, Екатерина Сухановар Урысыем ихэшыпыкIыгъэ командэхэм ахэтых. Футбол командэу «Зэкъошныгъэр» хэгъэгум изэнэкъокъумэ ахэлажьэ.

ДзюдомкIэ, самбэмкIэ, боевой самбэмкIэ, атлетикэ псынкIэмкIэ, ушумкIэ, атлетикэ онтэгъумкIэ, КъокIыпIэм къыщежьэгъэ спорт лъэпкъхэмкIэ, нэмыкIхэмкIи тиспортсменхэм тагъэгушIо.

***— Адыгэ Республикэм ибыракъ дунэе зэнэкъокъухэм ащагъэбыбатэ. Ащи тырэгушхо.***

— Ар тиспортсменхэм шэнышIу афэхъугъ. Владимир Васильченкэр япащэу ушумкIэ тиспортсменхэр дунэе зэнэкъокъухэу Китаим щыкIуагъэмэ ахэлэжьагъэх, дышъэ медальхэри къахьыгъэх. Адыгэ Республикэм ибыракърэ Урысыем ибыракърэ зэнэкъокъухэм ащаIэтыгъэх. Европэм щызэхащэрэ зэнэкъокъухэми тиадыгэ быракъ ащагъэбыбатэу зэп къызэрэхэкIыгъэр.

***— Наркоманием, шэн дэйхэр зезыхьэрэмэ апэуцугъэным фэшI физкультурэмрэ спортымрэ яшIуагъэ къызэрэкIорэм укъытегущыIэнэу тыолъэIу.***

— Физкультурэмрэ спортымрэ ныбжьыкIэхэр нахьышIоу апыщэгъэнхэм тыпылъ. АР-м и Президентэу ТхьакIущынэ Аслъан, къалэхэмрэ районхэмрэ япащэхэр кIэщакIо афэхъухэзэ, спорт зэнэкъокъу макIэп зэхащэрэр. Сэкъатныгъэ зиIэмэ талъымыплъэу зыми къытиIонэп. Юрий Лысей лъэшэу тыфэраз. Ипсауныгъэ изытет къыдэплъытагъэми, умыгъэшIэгъон плъэкIырэп хэгъэгу ыкIи дунэе зэнэкъокъумэ зэрахэлажьэрэр. Адыгэ Республикэм ибыракъ зыдимыштэу зэнэкъокъумэ ахэлэжьэнэу гъогу техьэрэп.

***— Спортым цIыфыр епIу, щыIэныгъэм фегъасэ. АщкIэ щысэу къэпхьырэмэ тапэкIэ тагъаплъэ.***

— Спортымрэ пIуныгъэмрэ зэпхыгъэх. УичIыгу, уиреспубликэ, узыщыпсэурэ хэгъэгур бгъэлъэпIэнхэм, ятарихъ дэгъоу пшIэным апае щыIэныгъэм зыкъыщемыгъанэу Iоф зыдэпшIэжьын фае. Тренер-кIэлэегъэджэ шIагъохэр тиIэх. Ясэнэхьат хэшIыкI фыряI, ныбжьыкIэхэр зылъащэх. Илъэс заулэкIэ Адыгеир спортышхом нахь щызэлъашIэ зэрэхъущтым сицыхьэ телъ.

***— Физкультурникым и Мафэ пае тигъэзетеджэмэ сыда къяпIо пшIоигъор?***

— ТиIэшъхьэтетмэ ацIэкIэ сыгу къыздеIэу сафэгушIо. Спортсменхэм медалэу къытфахьырэр нахьыбэ хъунэу, физкультурэм пылъхэм япчъагъэ хэхъонэу, япсауныгъэ агъэпытэнэу афэсэIо. ШIоу щыIэр къадэхъунэу сафэлъаIо.

***— Шъуигъэхъагъэмэ ахэжъугъэхъонэу шъуфэсэIо.***

— Тхьауегъэпсэу.

Сурэтым итыр: **Хьасаныкъо Мурат.**

БАСКЕТБОЛ

# ИешIакIэ хегъахъо



**Мыекъопэ баскетбол командэу «Динамэм» щешIэрэ ныбжьыкIэмэ Хьакъунэ Руслъан ащыщ, Адыгэ къэралыгъо университетым физкультурэмрэ дзюдомрэкIэ иинститут ар щеджэ.**

— Урысыем изэнэкъокъухэу апшъэрэ купым щыкIохэрэм апэрэ чIыпIэр къазэрэщыдэтхыгъэр тэркIэ гушIуагъо, — еIо Хьакъунэ Руслъан. — Адыгэ Республикэр испортсменхэмкIэ тихэгъэгу щашIэ. «Динамэм» икапитанэу Сергей Ивановыр Урысыем щыцIэрыIу. Ащ уригъусэу баскетбол уешIэныр боу хъопсагъо. Титренер шъхьаIэу Андрей Синельниковыми тыфэраз.

«Динамэм» щешIэхэрэ Илья Хмарэ, Артем Гапошиныр, Мэрэтыкъо Тимур, Тыу Георгий, Алексей Пепеляевыр, нэмыкIхэри ныбжьыкIэх, яIэпэIэсэныгъэ хагъахъо, еджэх. Хьакъунэ Руслъан щитым пэчыжьэу Iэгуаор хьагъэм ридзэу бэрэ къыхэкIы. Щит лъапсэм пхъашэу щябэнэу, Iэгуаор къаIэкIихэу тэлъэгъу.

— Адыгэ шэн-хабзэхэр Хьакъунэ Руслъан егъэлъапIэх, — къеIуатэ тренерэу Сергей Золотцевым. — НыбджэгъушIу, гукIэгъу хэлъ. Спортсмен ныбжьыкIэм икъоу зыкъызэIуимыхыгъэу сэлъытэ, сэнаущыгъэ хэлъ.

Илъэсыкlэ ешIэгъур Iоныгъом аублэнэу щыт. Р. Хьакъунэм ащ зыфегъэхьазыры.

Сурэтым итыр: **«Динамэм» ибаскетболистэу Хьакъунэ Руслъан.**

ГАНДБОЛ

# ЯкIэлэегъаджэ агъэлъапIэ



**Гандбол бзылъыфыгъэ командэу «АГУ-Адыифым» дунаим, Европэм ядышъэ медальхэр къыдэзыхыгъэхэр щешIэх. Урысыем изэнэкъокъухэу суперлигэм щыкIорэмэ тигандболисткэхэр ахэлажьэх. «АГУ-Адыифым» тIогъогогъо УФ-м ящэнэрэ чIыпIэр къыщихьыгъ.**

Анна Игнатченкэр тигандбол командэ апэу аштагъэмэ ащыщ, УФ-м ихэшыпыкIыгъэ командэ хэтэу дунаим идышъэ медаль къыфагъэшъошагъ. Мария Мартыненкэр Мыекъуапэ къезыгъэблэгъагъэр тренер цIэрыIоу Джэнчэтэ СултIан.

— Гандболыр спорт лъэпкъ гъэшIэгъонэу тэлъытэ, — къаIуатэ Анна Игнатченкэмрэ Мария Мартыненкэмрэ. — Адыгеим икомандэ тыхэтэу тешIэ. Тимайкэхэм «Адыгея» ыIоу атетхагъ. Ащ фэдэ спорт шъуашэр тщыгъэу тешIэнэу зыгу къэкIыгъагъэр дгъэлъапIэу тиIэгъэ тренерэу Джэнчэтэ СултIан.

Мы мафэхэм тигандболисткэмэ хэгъэгум изэнэкъокъумэ зафагъэхьазыры. Апэрэ ешIэгъур Iоныгъом и 4-м яIэнэу щыт.

Сурэтым итхэр: **тигандболисткэхэу Анна Игнатченкэмрэ Мария Мартыненкэмрэ.**

***НэкIубгъом итхэр зыгъэхьазырыгъэр ЕМТIЫЛЪ Нурбый.***

**Зэхэзыщагъэхэр:**
Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэр, иминистрэхэм я Кабинет

**КъыдэзыгъэкIырэр:**
Адыгэ Республикэм лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ и Комитет
Адресыр: ур.Крестьянскэр, 236

**Редактор шъхьаIэр**
**ДЭРБЭ ТИМУР**

**Редакциер зыдэщыIэр:**
385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Первомайскэр, 197.
**Телефонхэр:**
приемнэр: 52-16-79,
редактор шъхьаIэм иапэрэ гуадзэр: 52-49-44,
редактор гуадзэр-пшъэдэкIыжь зыхьырэ секретарыр: 52-16-77.
**E-mail:**
**adygvoice@mail.ru**

**Зыщаушыхьатыгъэр:**
Урысые Федерацием хэутын IофхэмкIэ, телерадиокъэтынхэмкIэ ыкIи зэлъыIэсыкIэ амалхэмкIэ и Министерствэ и Темыр-Кавказ чIыпIэ гъэIорышIапI, зэраушыхьатыгъэ номерыр **ПИ №10-3892**

Гъэзетым къыхиутыхэрэм мышъыпкъагъэу къахафэхэрэмкIэ къэзытхыгъэхэм пшъэдэкIыжь ахьы. Къатхэхэрэмрэ гъэзетым щылажьэхэрэмрэ яеплъыкIэ зэтемыфэн ылъэкIыщт. Гъэзетеджэхэм къытфагъэхьырэ тхыгъэхэр зэхэтфыхэрэп ыкIи къэзытхыгъэхэм аIэкIэдгъэхьажьыхэрэп.

**Зыщыхаутырэр**
ОАО-у «Полиграф-ЮГ», 385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Пионерскэр, 268

**Пчъагъэр 4651**
**Индексхэр 52161 52162**
**Зак. 2338**

Хэутыным узщыкIэтхэнэу щыт уахътэр Сыхьатыр 18.00
ЗыщыкIэтхэгъэхэ уахътэр Сыхьатыр 18.00